

# *Legliz La Ak Kondisyon Li*

 Se maladi yon timoun ki trè ra pou sonje espesyalman nan lapriyè maten an, kidonk se sèten nou vle pou nou tout fè sa. Doktè yo pa menm konnen. Yo ba li kèk kalite non, men m panse yo jis te fè youn ba li, yo—yo pat konn sa l te ye. E, men Kris konnen sa l ye. Mwen ka di nou sa l ye, se yon demon, se vre, dyab la. Ki non yo vle ba li, poukisa, sa depann de yo. Men se sa l ye, ou wè, yon move lespri. Kounye a annou, tout ansanm, yon fwa ansanm kounye a, *Kwè Sèlman*, tout moun ale la, kounye a.

Kwè sèlman, kwè sèlman,  
Tout bagay posib, kwè sèlman;  
Kwè sèlman, kwè sèlman,  
Tout bagay posib, sèlman . . .

<sup>2</sup> Seyè a pral geri w, sè. Ann lapriyè pou tifi a kounye a antan nou bese tèt nou.

<sup>3</sup> Papa Nou ki nan Syèl la, sanble mwen jis pa ka retire l nan lespri m. Ti ptit fi a la, l ap mouri, li se cheri yon moun. Li se kreyasyon W, e Satan ap vòlè jenn lavi li a nan men l. Mwen priye ke nan Non Kris ke W va rete men lanmò a, repouse lènmi sa a. Oumenm, Seyè, Ki ka fè Lamè Wouj la monte miray sou chak bò, epi bay timoun Izrayèl yo, eritaj Ou a, yon vwayaj an sekirite atravè lanmè a ak nan tè pwomiz la. Bondye, nou priye jodi a ke W va deplase tout baryè epi kite timoun lan viv. Yo te ban nou pou nou mande. E, kòm yon gwoup moun ki kwè nan Ou, nou mande nan Non Jezi pou gerizon timoun lan. Amèn.

<sup>4</sup> Jodi a se ak yon kè rekonesan ke mwen—mwen vin jwenn nou ankò nan Non Seyè Jezi. Mwen vin lakay jis on ti kras bonè sot nan Lwizyàn. M te panse petèt si m te rive isi a anvan dimanch mwen te ka gen lekòl dimanch. Epi tan an te sitèlman tèrib ak chalè a la a, ke nou . . . t ap fè bon, fre maten an apa de Lwizyàn. Nou pa t ap janm chita nan yon bilding konsa ki pa gen plis ke yon vantilate, nan Lwizyàn, yo t ap met èkondisyonе ladan l oswa nou t ap endispoze.

<sup>5</sup> E kidonk mwen vini konsa m t ap pran yon repo pandan jis youn ou de jou anvan m pati touswit, al nan Nò Saskatchewan, semèn pwochèn, e sa se anwo nan Prince Albert. Sa se osi lwen ke wout yo ale nan mond lan, sou lòtbò a. Li travèse mond lan nèt san pa gen lòt wout ankò, e pa gen anyen esepte Endyen ak Eskimo yo ki retounen anndan tè kote nou prale fwa sa a. Kidonk nou gen anpil moun ki pral nan reyinyon sa a k ap soti toupatou nan Kanada. Kèk nan yo ap soti dirèk nan Kot Wès la, yo di, pou vin la. E se sèten mwen vle priyè noumenm moun yo, ke Bondye va rankontre avè nou epi ban nou yon reyinyon ki depase, nan labondans, ki gran pou glwa Li. Sa fè kèk kat ou senk an depi m

te nan Kanada. E m gen kèk bon jan vrè zanmi la a, ki se moun trè debyen.

<sup>6</sup> E kidonk yo vrèman fidèl pou y al legliz. Sa pa enpòtan kijan li fè frèt, y ap vlope nan yon dra epi chita nan yon bòbsle, epi kondwi chwal la pou karantuit kilomèt, pou yo rive al legliz. Y ap mache nan pil nèj yo epi tout lòt bagay, jenn kou granmoun. Yo tout gwoupe ansanm. E yon fanmi pran lòt la epi yo kòmanse mache, epi y ale. Se—se sakrifis ke yo fè a ki lakòz yo jwenn sitèlman bagay nan sèvis la. Lè pa gen okenn sakrifis, pa tèlman gen anpil bagay nan sèvis la. Ou dwe vrèman bese epi fè yon bagay ki fè vrèman mal, ou dwe mete kèk bagay sou kote epi kanpe travay la, epi fè *sesi oswa sela*, pou rive al legliz epi montre Bondye ke w renmen L, epi w fè yon sakrifis pou ale, se lè sa a ou jwenn yon bagay nan li.

<sup>7</sup> Se jis tankou timoun mwen yo. Billy Paul, m te panse mwen t ap . . . Mwen pat gen anyen lè m te yon timoun. Manman te abitye achte petèt yon sak sirèt e l te konn kontwole l, de ou twa gress pou chak moun. Petèt pou Nwèl nou te konn gen yon ti kòn an fèblan oswa yon ti revolvè a bouchon, oswa yon bagay. E m te wè lòt timoun ak treno ak bekàn ak bagay, bon rad ak vès ki cho. E mwen—mwen, sa te jis fè m santi m sitèlman mal, mwen te di: “Si jamè m gen pwòp pitit pa m, m pral fè tout sa m ta kapab pou yo.” Ebyen, mwen t ap dispoze pou m vin grangrou pou m achte yon bagay pou pitit mwen yo. E lè m te viv . . . Lè Billy te jis yon ti gason, m t ap achte yon ti bekàn twa wou pou li, epi m t ap achte tout bagay pou li. Epi Meda t ap eseye tout bagay, pou l sakrifye pwòp rad ak bagay pa l yo, pou achte yon bagay pou li. Men nou konn kisa nou kòmanse dekouvri? Mwen t achte yon ti bekàn twa wou pou li, epi yon ti banza ak flèch, ak tout bagay. M te jwenn li ak yon—yon kiyè oswa yon baton, deyò a nan lakou dèyè a, ap fouye yon kote. Ou wè? M te di: “Pwochen lòt yo p ap konsa.” Ou wè? Ou jis bay nenpòt moun tout bagay dwat nan men yo, yo pa vle l. Se yon bagay ou ta dwe fè sakrifis pou li!

<sup>8</sup> E se fason sa sali a ye. Se yon sakrifis konplè. Se sa l ye, Frè Roy. Se—se yon sakrifis ke w dwe fè chak jou, yon bagay pou—pou vin pre Bondye epi pou fè yon bagay. E mwen konnen se yon sakrifis pou nou tout maten an, chita nan bildin cho sa a. Antan n chita isi a, ann kenbe lespri nou sou pi gran Sakrifis ke yo te jamm bay espès imèn la fè, se te Jezikri lè L te jwenn reskonsabilite pou L vini sou latè pou L mouri nan plas nou. Non sèlman sa, men nam Li te desann nan lanfè e te la pandan twa jou ak lannwit, e nan twazyèm jou a Li te leve vivan, e kounye a te monte anwo, chita sou bò dwat Bondye, nan Syèl, ap fè entèsesyon sou konfesyon nou fè sou ekspiyasyon Li ak gras Li ki te bay pou nou.

<sup>9</sup> Kounye a anlè nan . . . anlè la kote n prale a, pral gen anpil moun, vrèman pòv, vrèman pòv, k ap gen pou vann youn nan bèf yo, de ou twa nan mouton yo, oswa yon bagay, pou rive vin nan reyinyon an. Vye eskimo a pral petèt pote kèk nan po l yo epi

vann yo, ke li te vrèman bezwen pou fanmi l, pou l vini. Komèsan Endyen an pral oblige fè menm bagay la. Kounye a, nou ka omwen priye pou moun sa yo, nou pa kapab? E nou priye ke Bondye va ba yo yon gwo bagay.

<sup>10</sup> Bon, fè cho, m pa vle kenbe nou lontan. E mwen vle maten an ke nou fikse lespri nou, jis anvan nou gen priyè pou malad yo, sou *Legliz Ak Kondisyon Li*. E, kounye a, m santi ke sa fè kèk jou ke yo te ban m yon Mesaj pou legliz la nan Shreveport, Lwizyàn, e mwen—mwen kwè se kondisyon legliz la. E nou pral fè fas ak Bondye avè l maten an, epi priye epi mande Bondye ede nou. Pa chache pran menm apwòch lan, men mande Bondye ede nou nan jou sa a ke n ap viv la. E jis anvan . . . Sa se gran Bib ansyen an, men jis anndan l nou jwenn kontni Lavi Etènèl la.

<sup>11</sup> E sonje, Pawòl la se Bondye, Bondye pa plis pase Pawòl Li. E nou pa plis pase pawòl nou, e si nou fè . . . Byensi, kounye a, noumenm avè m nan yon pozisyon diferan . . . sans, nou tou de ka—nou ka di: “O, m ap fè yon sèten bagay,” nou panse sa nan kè nou, men sikorans ka parèt ke nou pa ka—nou pa ka fè sa ke nou te di nou t ap fè a. Men, Bondye pa ka fè sa, paske Li se enfini e Li konnen tout bagay, ak tout bagay ki te janm, yo pral, oswa . . . Kidonk, Li pa ka fè yon deklarasyon sòf si L konnen Li ka kore li.

<sup>12</sup> E Abraham, lè l te gen sant an, li te rele bagay sa yo ki pat la, kòm si yo te la. Kounye a m ap di sa kòm ankourajman pou sila yo ke yo pral priye pou yo, malad yo. Abraham te rele bagay ki pat la yo, kòm si yo te la, li t ap konte ke Sila a Ki te fè pwomès la te kapab akonpli, oswa, kenbe sa ke L te pwomèt la. Kounye a, lè Bondye te di Abraham, lè l te gen sis . . . swasannkenz an, e Sarah te gen swasannsenk an, ke yo ta pral gen yon bebe, pouki, tout sa te enposib. E li te kwè sa e t ap tann bebe a, e l te konte bebe a otan tankou l te la, pandan vennsenk an anvan bebe a janm vini. E Abraham te gen santan lè bebe a te fèt, e Sarah te gen katrevendizan, paske li te kwè nan Li. E l te rele bagay ki pat la yo, kòm si yo te la.

<sup>13</sup> Kounye a, sa se pou malad ak moun ki aflique ke y ap lapriyè pou yo. Sa pa enpòtan kisa pwoblèm ou yo ye, ke w se . . . ki kalite maladi ou genyen, kijan w pa bon, lè w asepte Kris, Pawòl Li, lè sa a ou rele bagay ki la yo, kòm si yo pat la, si yo kontré a Pawòl Bondye a. Bon, Bondye di: “Lapriyè lafwa va sove malad la.” Ebyen, si Bondye te di sa, sa regle l. Alò ann mete lespri nou, lespwa, epi aji kòm si sa te dejá fèt. Sa jis dejá fini lè nou asepte l.

<sup>14</sup> Lesali se menm fason an. Nou kwè l, asepte li, kwè li nan kè nou, mache devan Bondye epi asepte Kris kòm Sovè pèsonèl nou, epi asepte Li. Si w isi a maten an, e yon pechè, e w pa sove, e w vle geri, ou malad, an premye chache Seyè a. Asepte Li kòm Sovè w, apresa maladi sa pral mache soti dwat. Kèlkeswa sa l ye a, jis

mete tout panse w (sou tout bagay ke w genyen) sou Òm lan an antye, Jezikri, tout lòt bagay pral kòrèk.

<sup>15</sup> Alò kounye a kenbe lespri w sou sa, paske m te di kèk pawòl sa yo pou sila yo ki malad epi aflije, konsa mwen pral pale maten an ak legliz la e kondisyon an. Paske mwen santi ke menm si gerizon Divin mèveye, men lè m te nan Shreveport, m te sèlman genyen apeprè twa sevis gerizon lè m te anba la a, twa, oswa petèt kat, pou pi plis, nan onz jou. Li pi enpòtan pou preche bay nanm lèzom pase sa ye pou mete sitèlman tan nan gerizon Divin. Menm si, moun ki malad yo e ki nan bezwen, Bondye ka geri yo. E sa te déjà konfime toupatou nan lemonn, ke L fè l. Men bagay ki pi enpòtan an, kounye a, se pou nanm lan ki p ap janm mouri. Kò a pral mouri. Men nanm lan p ap janm mouri, e nou dwe kenbe nivo sa a epi rete dwat ak Bondye.

<sup>16</sup> M te di sa souvan. M vle tout bagay fêt, pou lè m ap desann nan larivyè a jou maten sa a, m pa vle okenn pwoblèm la a. M vle gen biyè mwen nan menm m, ap tann non mwen. E m vle di, tankou Pòl nan ansyen tan an, Frè Creech: "Mwen konnen Li nan pwisans rezirèksyon Li." Konsa lè L rele pamì mò yo, mwen pral soti... Mwen vle konnen Li nan pwisans rezirèksyon Li.

<sup>17</sup> Alò, kounye a, Sila a Ki se Otè Liv la, ann bese tèt nou ak kè nou ba Li jis yon moman.

<sup>18</sup> E, Bondye, Papa nou, nou vin jwenn Ou kounye a, pou mande ke Ou va louvri Pawòl Ou ban nou. Nou ta ka rale paj yo, men se sèlman Sentespri a ki ka louvri Pawòl la. Alò louvri L maten an pou nou, Papa, e ban nou sa ki depase abondans nan gras Ou. Nou konte sou Ou. E ke Sentespri a rantre nan Pawòl la, e bay Li sot nan bouch imen al nan kè imen, e ke Li pran L epi plase L nan chak kè jis jan nou gen bezwen. E lè sèvis yo fini, nou pare pou vire al lakay nou, n ap koube tèt nou nan imilite epi ba W remèsiman ak lwanj, pou tout sa nou te aprann de Ou e sa W te fè pou nou. Nan Non Kris nou mande li. Amèn.

<sup>19</sup> Lekti Pawòl la, nan Sen Jan, chapit 1 an, noumenm ki gen Bib e ki ta renmen li avè m oswa make l kòm yon tèks. E nou pral li tèks la nan Pawòl la, e apresa ann lapriyè, e konsa Sentespri a va pran kontèks la nan Pawòl la pou L ban nou. Nou ka li Li, noumenm ki kapab li ka li Li, men se sèlman Bondye ki ka fè kontèks la soti. Yo ka li tèks la, paske Li se Pawòl Li, men apresa se Bondye ki dwe bay kontèks la—la. Kounye a, nan Sen Jan, chapit 1, e ann kòmanse nan vèsè 28 la epi li jouk nan 32 a, antre ladann.

*Tout bagay sa yo t ap pase . . . ? . . . lòt bò larivyè Joudèn kote Jan t ap batize a.*

*. . . Nan denmen, Jan wè Jezi ki t ap vin jwenn li, e li di: Men ti Mouton Bondye a k ap wete peche mond lan.*

*E men moun mwen t ap pale nou an, Gen yon nomm k ap vin apre m men ki gen plis pouvwa pase m, paske li te la anvan mwen.*

*E mwen pa t konnen li. Men, li... men ke li ta dwe... manifeste pou moun pèp Izrayèl yo, kidonk mwen vin batize nan dlo.*

*...Jan di yo ankò: Mwen wè Lespri a desann sot nan syèl la tankou yon kolonm, e li rete sou tèt li.*

Mwen vle li sa ankò, dènye vèsè sa a, vèsè 32.

*E Jan di yo ankò: Mwen wè Lespri a desann sot nan syèl la tankou yon kolonm, e li rete sou tèt li.*

<sup>20</sup> Kounye a ke Seyè a ajoute benediksyon L yo nan Pawòl la. Mwen vle nou eseye pou—pou n sezi chak mo si nou kapab. Èske nou tout ka tande m byen dèyè a nèt? Trè byen, èske nou ka tande m dèyè la a? Si n kapab, leve men nou. Se byen.

<sup>21</sup> Kounye a, mwen vle pale avè nou maten an sou—sou parabòl, sou kèk fason ke menm moun ki pi pa konn legliz la—la isi a ta kapab konprann. Kounye a, nou vin legliz pou fè tèt nou vin miyò. Nou vini pou n fè tèt nou vin pi bon moun, pi bon Kretyen, pi bon sitwayen, pi bon papa, pi bon manman, pi bon vwazén. Nou vini paske Kris te di nou si n ta vini, mande nenpòt bagay nan Non Li, kote nou rasambla ansam otan moun ke dezoutwa, Li t ap la avè nou e L t ap akòde nou li. Kidonk, kisa k te ka gen an plis, ki ta miyò pou nou jodi a pase pou n konnen ke nou nan legliz la pou nou vin miyò, pou lajì konprann nou? Konbyen moun ki ta di: “Se pou sa m isi a”? Ann wè. “Mwen—mwen vle yon pi bon konprann.” E nou pa ka—nou pa ka gen yon pi bon konprann sòf si... E si n pral gen yon konprann de Bondye, sa dwe soti nan Pawòl Bondye, paske Pawòl la se sa Bondye te ban nou pou nouri namn nou yo ki grangou. E yo te voye Sentespri a pou pran Pawòl Bondye a epi nouri nou pa Pawòl la. Ou wè li? Ou wè, nou... Bondye voye Sentespri a, pou pran Pawòl Bondye a epi ban nou Li antan nou gen bezwen. Kounye a, mwen sitèlman kontan ke Bondye te fè yon pwovizyon konsa. Nou pa kontan? Konsa Li t ap nouri nou.

<sup>22</sup> Nou se mouton nan patiraj Li. Nou pral pale sou sa a nan yon ti bout tan, mouton an. È nou se èt Bondye an twa pati a, e lè L ka gen kontwòl total la sou nou Li ka kondwi nou epi gide nou.

<sup>23</sup> Kounye a, sa te sitèlman fè Bondye plezi, ke lè L te voye Jezi sou latè, ke sa te fè L plezi pou reprezante L tankou yon animal, e animal sa a se te ayo an. Anvan nèt nan kòmansman an, nan jaden Edenn lan, nan prefigirasyon vini Jezi a, Bondye te sakrifye, oswa te gen yon ayo pou l te yon ofrann ranplasman nan prefigirasyon vini Kris la. Kounye a, mwen mande tèt mwen souvan poukisa ke Bondye ta prefigire Kris tankou yon animal, tankou yon bèt. Men nou vin dékouvrir ke Ayo a, rezon Li te chwazi yon ayo, yon ayo se kreyati ki pi dou e ki pi janti nan tout kreyati ki gen sou

latè. Pa gen anyen ki pi dou e pi janti pase yon ti ayo, sitèlman inosan, ki pa soutni pwòp tèt li. Li—li pa awogan. Li se yon ti kreyati janti, dou. E lè Bondye ta pral reprezante Kris bay mond lan, Li te reprezante L nan yon ayo.

<sup>24</sup> Bon, men lè Bondye, Papa Bondye, Jewova, ta pral reprezante Tèt Li nan Syèl, Li te reprezante nan zwazo ki te pi dou, pi enb nan tout zwazo ki vole nan syèl, sa se, kolomn lan. Pa gen zwazo ki pi janti pase kolomn lan. M te fè tout on etid sou lavi zwazo ak sou lavi sovaj, e kolomn lan se yon zwazo trè etranj nan nenpòt lòt zwazo ki vole nan syèl la. Kolomn lan se yon—yon—yon bêt ki damou. Yon kolomn janti. E yon kolomn pa gen okenn fyèl, se sèl limenm nan fanmi zwazo a ki pa gen yon fyèl. Se pou rezon sa a ou pa janm wè yon kolomn lòt kote ke nan lantouraj kote ki gen gress ak semans. Kounye a, la . . .

<sup>25</sup> Nan lach la, te gen yon kolomn. E kolomn lan te reprezante nan plizyè kote nan Bib la. Li senbolize Sentespri a. Epi tou ayo a reprezante nan anpil kote nan Bib la, tankou Kris, nan Apokalips la, tout anvan nèt nan Jenèz, e se konsa kolomn lan ye.

<sup>26</sup> E nan Liv Jenèz la, kolomn lan te nan lach la, chita sou branch la ak—ak rès zazwo ki anlè a; e youn nan yo te yon kòbo, yon kònèy. E yon kònèy se youn nan zwazo ki pi mechan ki genyen, yon kònèy ak yon ti zwazo jè, m imajine, se apeprè zwazo ki pi mechan ke nou ka jwenn. Kònèy la se yon zwazo ki viv trè lontan, e li viv (yo pretann) pandan, pafwa, de ou twasan zan, ke yon kònèy . . . Yon jako viv pi lontan pase sa.

<sup>27</sup> Men yon kolomn se yon bêt oswa yon zwazo ki pa gen yon fyèl. Bon, kònèy la te ka chita bò isi a epi manje yon kadav mouri. Ou p ap janm wè kolomn lan nan viwonn yon kadav. Li pa ka sipòte l. Move sant li nan nen l, li pa ka sipòte l. Li t ap fè l malad. Yo jis senpleman pa ka sipòte anyen k ap depafini, k ap pouri. Yo pa ka sipòte l, kidonk li pat ka manje l. Si l ta manje l, li t ap touye kolomn lan imedyatman, paske sa k dijere manje a se fyèl la ki debòde nan lestomak la ki dijere manje a. E si pa gen okenn fyèl pou al anndan la pou ranje sa, alò li t ap touye kolomn lan. Kidonk w ap toujou jwenn kolomn lan nan viwonn kote ki gen yon bagay pwòp, yon bagay ki bon.

<sup>28</sup> Bon, kònèy la diferan. Kounye a, jis remake kònèy la ki yon tip de ipokrit la. Kònèy la ka chita lòtbò la sou—sou kadav la epi manje jis otan ke l vle, epi vole dwat nan chan an epi manje ble, tou. Men kolomn lan pa ka manje ble epi apresa vole al sou kadav mouri a.

<sup>29</sup> Kidonk, yon ipokrit, yon nonm ka yon ipokrit epi manje tou de ni bagay espirityèl, ni bon bagay ni move bagay. Men yon reyèl Kretyen ne de nouvo pa ka tolere bagay ki pa bon, e ka sèlman manje nan bon bagay la. Remake sa! Lè w wè yon patnè ki ka al danse, soti al bwè, soti al viv nan peche, retounen nan legliz la epi petèt rele jis otan ke yon sen, kisa l ye? Li se yon moun ki

manje chawony, li ka manje toude ni bagay pouri ni bon bagay. Men reyèl Kretyen a pa ka sitire bagay sa yo ankò, paske li pase de lanmò a Lavi. E imedyatman sa t ap kondane li kidonk, panse menm sou sa, jouk sa t ap kondane li jouk li t ap vire fas li epi mache pòs li. O, ala yon imaj!

<sup>30</sup> Bon, ayo a se yon ti animal ki trè dou. Li pa, li pa ka ede tèt li. Li pa depann de tèt li, paske li pa ka ede tèt li. Isi a sa fè yon ti tan mwen t ap pase nan yon patiraj lè m te abitye fè patwouy, epi m te jwenn yon ti ayo, e yo tout t ale kite l yon fason, e li te tou vlope nan yon ti pil fil fè bable. E pòv ti animal la te lonje la, ap senyen epi ap rele. E m pase la epi m te wè anwo nèt, apeprè a uisan mèt pi wo, te gen yon twoupo mouton an antye. Bon, li te lonje la menm e kònèy yo ta pral rache je l trè byento si nou pat fè l soti. Men m te demare ti animal lan, m te pran l nan bra m. Li pat janm refize. Li te lonje vrèman an silans. Mwen te pran l nan bra m. Premye—premye fwa, petèt, yon èt imen te janm mete men l sou li, men li te dou. Li te dispoze pou yo kondwi l. Li te dispoze pou yo ede l. M swete nou wè l. Li te dispoze pou l pa eseye reziste oswa tire kout pye, oswa mòde. Ayo pa tire kout pye, yo pa mòde; yo jis imilye tèt yo. E ti animal sa a, m te rammase l epi fè l chita nan rès mouton yo. Nan kèk minit manman l te jwenn li, ala l te kontan! Bon, ala sa tipifye Ayo Bondye a!

<sup>31</sup> Nou konn, kote y ale pou yo touye mouton, nou konn kisa ki kondwi mouton an nan blòk pou yo touye a, se yon kabrit. Men kabrit la pral kondwi mouton an jouk anwo nan dechay nan labatwa a, epi, apresa jis nan moman li mennen mouton an vin sou tèt dechay la, lè sa a l ap vòltije soti. Men, o, yo di, lè yo pral touye kabrit la, lè sa a li pete yon deblozay. Ou wè?

<sup>32</sup> E se fason sa a dyab la pral fè. L ap eseye kondwi pitit Bondye yo dwat nan mechanste a, men lè tan an vini pou l mouri, li vrèman pete yon deblozay lè sa a. Se fason sa dyab la fè l. E se fason sa pafwa, yon ti jennfi ki parèt anpenpan oswa yon ti gason dejwe, ak yon pake sigarèt oswa yon boutèy wiski, ta kondwi yon ti jennfi, yon ayo nan jiwon yon moun, soti al nan sa ki mal. “O, sa kòrèk. Pa gen anyen nan tout pawòl anlè sa yo sou legliz.” Men kite lanmò frape vye ti gason sa a yon fwa, ou tandem l k ap ranni, k ap rele fò nan tout peyi a. E sa se fason dyab la fè l.

<sup>33</sup> Men yon ayo sitèlman dou, ke yo ka kondwi l. E se pou rezon sa ke Bondye te repranzante Kris tankou Ayo a, epi Li menm tankou Kolonm lan. E nan jou ke Jan te batize Jezi nan larivyè Jouden an, youn nan pi gran evènman ki te janm pase, te pase la menm. Remake kòman sa bèl! Ayo a, kreyati ki pi dou nan tout kreyati sou latè a, ak Kolonm lan, zwazo ki pi dou nan tout zwazo nan Syèl. Bon, sa se sèl fason ke yo te ka janm fè youn. Se sèl fason ke Kolonm lan ta janm vini sou Ayo a. Kounye a, lè Kolonm lan te desann, Jan te wè Jezi, e l te di: “Men Ayo Bondye a, ki wete peche mond lan.” E Jan te di: “Mwen rann temwayaj, mwen wè Lespri Bondye a desann tankou yon Kolonm, epi l rete sou Li.”

Alelouya! Men li. Kolom lan ak Ayo an fè youn ansanm. Sa se lè Bondye ak Lòm te vin yon sèl. Sa se lè Syél ak latè te anbrase youn lòt. Alelouya! Sa se lè Bondye te fèt chè, te mennen l, sa se lè Bondye te desann soti nan fòm Lespri a e te fèt yon Òm epi te rete nan mitan nou. Sa se lè tout Letènité te anbrase youn lòt. Sa se lè ras imen moun Adan yo ki tonbe ak Jehovah Bondye ak tout zanj vin ansanm, lè Bondye ak lòm te fè yon sèl, nan gran jou memoryal sa a lè Jan te batize Jezi.

Kounye a, e si yo te yon lou? Woukoule dous Kolom lan pa t ap janm kapab kanpe bò lou an.

<sup>34</sup> Kisa k pi bèl pase pou tandé ta nan aswè vye toutrèl yo chita deyò la epi ap woukoule pandan yon moman? Apre m te pèdi madanm mwen ak bebe m lan . . . Mwen pa t ap kite pèsonn konnen kisa m t ap fè. M te abitye rantre nan vye machin mwen an, m t ap kondwi nan wout la isi a, soti isi a al nan simityè Walnut Ridge, chita la bò kot yon pyebwa epi gade tonm lan. M jis pat ka ba yo vag. Te sanble tankou m pat ka sipòte sa ankò. M panse, ti bebe m lan, lonje la, a ui mwa. Kijan li te abitye kenbe ti men l yo epi l t ap atrap mwen, e m t ap souffle nan twonpèt la oswa di l yon bagay, e l t ap fè “gou-gou”, lonje ti men l yo. E m te chita bò kot pyebwa a, espesyalman lè aswè te rive. E te konn gen yon vye kolom ki te chita isi a deyò la nan touf bwa a, li te pran woukoule. O la la! M te mande tèt mwen yon fwa si se te nanm imòtel bebe m lan ki te tounen pou eseye pale avè m. Pa gen anyen ki pi dous pase kolom sa ki t ap woukoule. Ala l bay lanmou! Li pote nouvèl. Ala l eseye met lapè! Leve bonè yon jou maten, soti nan pil pyebwa la a bò kote m viv la, ala yon bagay pezib sa ye pou koute! Chita sou gwo pyebwa wo sa yo, kolom sa yo k ap woukoule youn bay lòt.

<sup>35</sup> Lòt jou a, anba a kay Frè Cox, yon vye manman kolom te gen de ti bebe. E yo te chita sou tèt bildin lan menm, konsa chat yo pat ka pran yo. E vye manman kolom lan te nouri yo. Apresa li te desann epi pran yo epi fè yo monte nan pyebwa a, e yo te chita la ak kou yo nan viwonn youn lòt, epi woukoule epi fè lanmou, tout lajounen, de ti bebe kolom, dou.

<sup>36</sup> E m te panse kòman Bondye, (kolom lan se yon zwazo ki tèlman gen renmen) e Kolom lan, Bondye, ki vle fè lanmou ak èt imen L yo. Bondye vle yo renmen L. Bondye vle renmen nou. “Bondye te sitèlman renmen lemonn, Li te bay sèl Ptit Li genyen an, ke kèlkeswa moun ki kwè nan Li pat dwe peri, men pou gen Lavi ki p ap janm fini an.” Ke Seyè a beni! Alò Bondye, ki vle fè lanmou, Li te dwe yon . . . fè yon bagay ke yo renmen. Li te dwe fè yon bagay dou menm jan avè L. Li te dwe fè yon bagay ke yo te ka renmen. Li te dwe fè yon bagay nan Pwòp Nati Li.

<sup>37</sup> Nou pa ta ka renmen anyen ki pat nan pwòp nati pa nou. Renmen dwe fè youn ak lanmou. Yon mari ak yon madanm dwe renmen youn lòt, si jamè yo reyisi. Fanmi dwe renmen youn

lòt, si jamè yo reyisi. Yon bagay ke yo dwe renmen! Ou chache toupatou, pou jwenn yon jennfi ki pou madamn ou ke w renmen. Li chache, pou l jwenn yon mari ke l ta ka renmen.

<sup>38</sup> Bondye chache, ap eseye jwenn yon nanm ke L ka renmen. Kidonk, Li te reprezante Tèt Li isit la sou latè tankou yon Kolomn ki dou ak yon Ayo ki dou. Si Ayo sa a te janm pran yon minit nan nati yon lou k ap gwonde, Kolomn sa a t ap pran vòl Li imedyatman, li ta prale.

<sup>39</sup> Men ayo an—an—an, li pa gen gwo lespri pou tèt pa l. Yon ayo se yon bagay, lè l pèdi, li pèdi san lespwa. Yon mouton pa ka jwenn chimen l pou l tounen. Se pou rezon sa a kabrit la kondwi l nan lanmò l. Li pa ka jwenn chimen l, yon mouton ki pèdi. Se pou rezon sa a Bondye konpare nou ak mouton. Lè nou pèdi, nou pèdi. Pa gen okenn mwayen nou ka retrouve tèt nou. E gen sèlman yon fason pou fè l, sa se, soumèt tèt nou bay Bèje twoupo a, e se Limenm ki kondwi.

<sup>40</sup> Kounye a, kòm mwen remake Ayo sa a ak mouton an ansanm... Ayo an ak Kolomn lan, pito, ansanm, yo te fè yon sèl. Apre sa gade kijan Kolomn lan te kondwi Ayo an, Pitit Bondye a. Ala dou L te dou, Li te konnen ke L ta pral nan labatwa a. Ala dou L te dou, pou L toujou pa eseye fè poukонт Li, pa eseye itil Tèt Li. Li te di: "M pa fè anyen jouk Papa a montre M an premye, e Papa a abite nan Mwen."

<sup>41</sup> Bon, yon lòt bagay ayo a ye, ayo a dispoze pou soumèt dwa l yo. Bon, Bondye vle pou nou vin ayo, men gen sitèlman anpil fwa ke nou pa vle soumèt dwa nou yo, pèdi dwa nou yo. Sitèlman anpil nan nou di: "Ebyen, mwen gen dwa, Frè Branham." Se vre, men èske nou dispoze pèdi dwa nou yo? Èske nou dispoze bay dwa nou yo, pou ke Bondye ta ka kondwi nou? Se sa pwoblèm lan ak legliz nou yo jodi a, nan gwo majorite a, ke dousè Ayo Bondye a.... Nou sipoze vin ayo, nou vin tout lòt bagay esepte ayo. E se pou rezon sa a, osito nou pran atitud sa a, Kolomn Sentespri a pran vòl Li epi Li pati.

<sup>42</sup> Si Ayo Bondye a ta fè premye gwonde a tankou yon lou, oswa ta fè yon bagay ki kontrè a sa Kolomn dou a ta pèmèt fè, Kolomn lan t ap pran vòl Li. Li t ap pati nan yon minit.

<sup>43</sup> E se pou rezon sa a jodi a ke n ap mande tèt nou: "Ki pwoblèm legliz Pannkotis la?" Se paske nou te pran yon nati diferan. Nou te pran yon nati ke: "Nou vle dwa nou yo. Nou pral fè sa nou konnen ki bon pou n fè." E nou vin awogan. Nou vin ap fè opozisyon. Nou vin endiferan. Nou kite kòle antre. Nou kite egoyis antre.

<sup>44</sup> Yon ayo, lè tan an vini... Li posede pwòp lenn li, sa se dwa pa l. Li posede lenn li, men yo pran ayo an epi yo jete l sou blòk yo, epi mare pye l. Li pa janm tire kout pye, li pa janm eksite. Ou jis retire dwa l yo touswit nan li, paske li se yon ayo. Li pa ka fè anyen lòt, paske se nati li. Men yon fwa kwaze chimen yon

Kretyen, w ap dekouvrir si l se yon ayo oswa yon kabrit. W ap dekouvrir sa l ye, kwaze l yon fwa. E se pou rezon sa a jodi a ke legliz nou yo nan kondisyon yo ye a.

<sup>45</sup> Nou rele tèt nou ayo Bondye. Fanm yo ak gason an, ansanm, kòmanse aji tankou tout bagay esepte ayo Bondye. Ou gade yo k ap desann lari a, ak bout pantalon, cheve koupe, ti kèl nan tout cheve yo. E kèk lane de sa, ou rele...ou, yo...ou pa ta ka anplwaye yo pou fè sa. Epi apre sa nou mande tèt nou poukisa ke legliz la nan kondisyon l ye a. Se paske nou pran nati yon lou oswa yon kabrit, pase pou n kenbe jantiyès dous la. Epi nou di: "Sa se privilèj mwen, Frè Branham." Mwen konnen se privilèj ou. "Kwafè yo koupe cheve. E toutotan ke kwafè a ap koupe cheve, èske m pa gen yon dwa?" Se vre, se privilèj Ameriken ou. Men èske nou vle bay li vag, pou nou vin yon ayo? Èske nou vle soumèt tèt nou?

<sup>46</sup> E noumenm fanm yo, sa pa fè lontan, nou t ap desann nan lari a... Sa ridikil pou gade fason fanm yo abiye jodi a. E mwen p ap pale de Presbiteryen ak Metodis, m ap pale de noumenm fanm lasentete yo. Desann nan lari a, e se...

<sup>47</sup> M te gen yon ti kwa k te pandye devan machin mwen an, epi yon moun te di m, te di: "Billy, ou konnen sa se yon anblèm Katolik?"

<sup>48</sup> M di: "Ki lè Katolik yo te gen opsyon sou kwa a?" Jamè! Sa se pa yon anblèm lafwa Katolik; sa se anblèm lafwa Kretyen an. Yon fwa Katolik se yon ti sen ki mouri, de Mari oswa—oswa kèk moun mouri ke yo adore. Nou pa adore moun mouri. Nou pa adore Sent Sesil ak tout lòt diferan sen sa yo. Sa se Katolisis, ki se yon gwo fòm espirityalis. Men kwa a reprezante Sila a Ki te mouri epi leve vivan ankò.

<sup>49</sup> E m te di: "M ap kenbe sa la, pandan m ap gade nan lari yo. Sa fè vennsenk an, oswa trant, lè m te prèske avèg, m te pwomèt Bondye si Li te geri je m yo m t ap gade bagay ki dwat." E m te di: "Tout kote w gade, li sitèlman san pyete, fanm yo mwatye abiye, ak fanm toutouni kouche nan lakou yo ak tout kote. Mwen gade kwa a pase pou m gade (e sonje sa Kris te fè pou mwen, e vire tèt mwen) bagay ki pou dyab la." Alelolouy!

<sup>50</sup> E sa se moun... Pa di sa se "Presbiteryen, Katolik," sa se Pannkotis! Amèn. Ou di: "M gen dwa pou m fè l, Frè Branham." Se vre, men si w te yon ayo, ou t ap pèdi dwa w yo. E lè w al aji konsa, Sentespri a, Kolonm dou a, pran vole L ale touswit. Li p ap nan disgras avèk nou. Non, non, non. Ou pa janm panse ou pral aji konsa epi kenbe Sentespri a. Ou pa ka fè sa! Bib la te di sa. Ou dwe pèdi pa w... Ebyen, ou di: "Rès fanm yo ap fè sa."

<sup>51</sup> E oumenm mesye, oumenm ki pòv, piti, tou zo, bagay madmwazèl, oumenm, ki ta kite madanm ou fè yon bagay konsa, sa montre a kisa w fèt. Se pou rezon sa a nou pa gen Sentespri a jan nou deklare nou genyen L, oswa nou t ap gen ase Bagay

nan nou pou nou fè l aji tankou yon dam tank li t ap viv avè nou, tout jan. Amèn. Sa sonnen ansyen mòd, blesan. Men se sa legliz la bezwen jodi a, se yon Sentespri ansyen mòd, k ap lave, epi pandye epi seche, epi pase, pa Sentespri a. Sèten!

<sup>52</sup> Ala yon kondisyon lemonn antre ladann! Kijan yo soti nan lari a epi gen move konpòtman! Kijan nou kole tèt nou nan yon televizyon nan mèkredi swa, epi pa pral legliz! Kijan ke nou... Poukisa, men pa gen yon timoun nan peyi a... ki konn tout bagay sou kimoun David Crockett ye. Epi manti sal sa a, ki di li te touye yon lous a twazan, nou konnen se yon manti, men nou kite pittit nou yo plen tèt yo nèt ak sa. E pa gen yon poustan sou san ki te janm konn anyen sou Jezikri. Se paske mond sa a vin sitèlman polye! Nasyon sa a, sitèlman ridikil e sitèlman lwen Bondye, te rejte Sentespri a.

<sup>53</sup> O, ou di: "M al legliz epi m rele." Ou ta mèt fè sa. Men, jouk Ayo Bondye dou sa a tabli nan kè w, epi fè w netwaye lavi w epi aji tankou yon moun diferan, sa p ap fè w okenn byen pou imite Kretyènte. Ou dwe genyen L. Amèn.

<sup>54</sup> Mwen t al nan yon kay isi a sa pa fè lontan, pou vizite yon mesye malad, epi yon dam te lonje, chita la a. E yon vye ti Oswald antre, chapo l chita sou bò tèt li, li te di: "Manmi, èske manje midi a pare?"

<sup>55</sup> Li di: "Cheri, nou pat gen tan," li di: "maten an, pou gen okenn manje midi." Li di: "M ap pare yon sandwich pou ou," li di: "gen kèk zoranj."

<sup>56</sup> Li te mache la epi l te pran yon zoranj, te gade li, te mòde ladan l, li te voye l sou mi a ak tout fòs li, ji a koule desann, li di: "Si se tout sa w genyen nan plas sa a, alò m ap soti," konsa.

<sup>57</sup> M te panse: "O Bondye, li te dwe pou mwen pandan apeprè senk minit!" Gason, m t ap rache po l tankou l pat jamn konnen li te rache! Men yo te lonje la a, pitye ak bebe. Sa l bezwen se yon bon kòche manm ansyen mòd. Se sa n bezwen, kèk fwaye ansyen mòd ankò, ak kèk predikatè k ap kanpe dèyè chè a epi preche Verite a, epi poze L kote L dwe poze. Amèn. Se vre. O la la!

<sup>58</sup> Ti Mary te frape ti pye l yo, epi leve ti nen sa anlè epi vire ti bout bouch woze sa a (ak makiyaj Max Factor) anlè, epi li leve ti tèt li anlè epi mache soti nan kay la. Ala yon wont! Ala timoun yo dezobeyisan! Bib la te di se sa yo t ap ye. Lekriti a te di se sa yo t ap ye. Kijan yo t ap aji, kijan yo t ap fè, ak bagay k ap pase nan mond lan jodi a, se paske yo fè Sentespri a chagren L ale.

<sup>59</sup> Sa fè kèk lane. Mwen prale kounye a, nan kèk jou, pou selebre premye tonbe Sentespri a nan Etazini, senkant an de sa ane sa a, nan ansyen reyinyon Azusa Street la, reyinyon pannkotis nan Los Angeles, kote yo te genyen premye tonbe Sentespri yo, lè moun yo te rasanble. Lè Kris desann nan mitan moun sa yo, yo te jis dou menm jan, jis pezib menm jan. Yo te viv lavi yo nan lapyete. Yo te viv lavi sakrifis. Yo te dispoze pou yo soumèt. Yo te dispoze

pou Sentespri a kondwi yo. Yo pat okipe sa moun yo te di, yo te “ansyen mòd,” ke yo te di yo te “fou” oswa kwakeseswa, yo te dispoze pou Sentespri a kondwi yo.

<sup>60</sup> Men, jodi a, o la la, ak yon souf poud ak yon bwat makiyaj, ak yon pè bout pantalon sou yo, epi deyò a nan lari a, franchman, se yon wont! Epi yo pretann yo “gen Sentespri a.” O, ou di: “Men m pale an lang.” Wi, e dyab la fè l, tou. “O, mwén te rele.” E dyab la fè l, tou. Dyab la ka imite tout bagay Bondye genyen, esepte lanmou, e li pa ka imite lanmou. Ya.

<sup>61</sup> Alò, premye bagay ou konnen, lè w te kòmanse ap fè bagay sa yo, ou lage bawo yo, ou kòmanse ap fè konpwomi, lè sa legliz la kòmanse gen ti bri, klik nan mitan yo, epi sìla di: “Ou konnen, pastè a jis entèl entèl,” oswa “dyak la entèl entèl.” E, premye bagay ou konnen, ou koute sa! E se pou rezon sa a nou sitèlman gen anpil pwoblèm, se paske nou kòmanse koute dyab la, epi pran yon gwonde pase pou koute Kolonm dou a, Sentespri a, Kolonm Bondye ki t ap kondwi nou epi gide nou, renmen nou epi beni nou.

<sup>62</sup> Premye fwa ou gen youn nan ti sekous kòlè sa yo, Kolonm lan vole L ale touswit. Se vre. Li pa ka sipòte l. Nati Li diferan. O, Li pa ka sipòte sa ditou. Epi w al pale sou vwazèn w, Li pa ka sipòte sa, Li jis p ap sitire l. Li jis pran vòl Li epi L kontinye ale. Li jis pa ka sipòte l pi lontan. Kolonm lan janti. Kolonm lan dou, e Kolonm lan, e—e Li pa ka sipòte anyen sòf si se menm kalite nati a.

<sup>63</sup> Kounye a, Bondye ka fè w yon nati diferan, gason oswa fanm, Li ka ba w yon nati diferan. Epi w di: “Ebyen, Frè Branham, kisa nou ka fè sou sa?” Jis vin yon ayo ankò. Se sèlman de bèt k ap toujou asosye ansanm, se kolonm lan ak ayo a. Kolonm lan p ap vin jwenn anyen lòt ke yon ayo. E si w vin yon kabrit, alò retire yye lespri kabrit sa a sou ou. Se vre. Si w vin yon lòt bagay, mete l lwen w, si w kòmanse vin yon rapòtè.

<sup>64</sup> Isi a yon fwa, m te preche jis otan m te ka preche nan yon sèten vil, e te gen dè milye moun la a. M te fè yon apèl a lotèl. M te panse m te kouvri domèn peche a an antye, m te kouvri tout bagay ke m te ka panse. Sware sa a apre sèvis la fini, yon ti madanm byen bwodè te pase, li di: “Ebyen, Frè Banham, m kontan sèten ke w pat manyen m aswè a.”

M te panse: “Sa dwe yon vrè Kretyèn.” Li di: “Ou pat manyen m aswè a.”

<sup>65</sup> M di: “Ebyen, m sètènman kontan tandé sa, madam, ou dwe pre Wayòm Bondye a.” Epi l rale kò l.

<sup>66</sup> Yon dam ki gen ti laj te kanpe la a. M di: “Ey, èske w konnen madanm sa a?”

“Wi.”

M di: “Li dwe yon vrè Kretyèn.”

<sup>67</sup> Li di: "Yon bagay ou te manke frape aswè a, Frè Branham, se te fè tripotay. Li se chèf tripot la nan peyi a." Men li, se sa, ou wè.

<sup>68</sup> Men lè w vini nan youn nan bagay sa yo, sa pa enpòtan si predikatè a frape l nan chè a ou pa, lè w wè bagay chanèl lemonn sa yo, tank ou sitire yo, ou lwen Bondye, e Sentespri a ap rete lwen. Se pou rezon sa a reyinyon yo pa tankou yo te konn ye. Se pou rezon sa a chimen repantans lan pa fèt maten an nan tabènak la. Se pou rezon sa a gran reyinyon anba tant yo pa nan tout peyi a, se paske nou te fè Kolom Bondye a chagren L ale. Se vre. Li p ap rete avè nou tank nou sitèlman endiferan, tank n ap fè medizans: "Nou vle fason pa nou yo!"

<sup>69</sup> Kounye a, mwen vle nou remake, Ayo a te yon Ayo an silans. Bib la di: "Li pat louvri bouch Li. Tankou mouton an devan moun k ap taye lenn yo, Li te bèbè." Li pat louvri bouch Li. Li pat yon kamarad ki te vle dwa l yo. Non, mesye, Li te dispoze pou pèdi dwa Li. Li te yon Ayo an silans.

<sup>70</sup> Men, jodi a, o la la, pou jan nou renmen opinyon nou yo! O la la! "Mwen di nou, nou jis kite yon moun di m yon bagay, mwen pral dèyè li, gason, m ap pran l apa." "M ap pale ak vye ipokrit sa a lè m wè avè l! Jis tann jouk mwen wè avè l! Beni Bondye, alelouya! En-hen!" Kolomn lan jis pran vòl Li epi L kontinye al lwen. Se vre. Sentespri a pa avè w ankò, tank ou santi w fason sa a. Jis make sa nan liv ou a, Li p ap janm fè l. Sentespri a jis p ap rete nan viwonn kote kalite lespri sa a ye. Li dwe yon lespri ayo, yon lespri dou, oswa Li jis p ap ret avè l, se tout sa k gen ladan l; si l pa yon janti, dou, ke Sentespri a kondwi. E si nenpòt bagay vini, Li jis p ap menm remake sa, jis kontinye. Ou wè? E nan minit menm ke l detounen, ou konnen, sa se la menm... lè ou te detounen.

<sup>71</sup> Ou konnen, premye peche an te kòmanse pa yon moun ki detounen jis pou yon minit. Èske n te konn sa? Bib la te di sa. Èv te detounen jis pou yon minit, pou tandé sa Satan te gen pou di, e l te pentire yon imaj sitèlman bél pou li jouk an reyalite li te panse se te Laverite. E li te koute l.

<sup>72</sup> E sèl bagay dyab la vle w fè, se jis detounen jis pou kèk minit. Li ka pentire imaj la, di: "Kounye a, gad isi a. Ou konnen, frè, ou konnen, sè, si yo te jan de moun kòrek yo, yo pa t ap fè sa. Si yo te jis fè sa isi a menm, ou konnen." Li ka fè l sitèlman reyèl ba ou jouk li vin yon reyèl verite. Se vre! Men sonje, se dyab la!

<sup>73</sup> Ki mele m kijan yo desann ba, kijan yo te anfonse lwen nan peche, se djòb pa w pou vlope yo ak bra w epi fè yo leve pa lanmou Bondye. Kote w te ye lè Kolom Bondye a te leve w soti nan ma labou a? Se djòb pa w, zanmi m. Mond lan ap mouri pou yon ti kras lanmou. La...

<sup>74</sup> M vle nou remake bét sa a, tou, ti bét sa a, se te yon ayo an silans paske li pat... lè yo te joure L, Li pat joure ankò. Li pat joure epi gen move konpòtman, epi eksite epi nèvè epi kontinye,

Li pat fè sa. Lè yon moun . . . Lè yo te joure L, Li pat joure ankò.  
Li pat louvri bouch Li.

<sup>75</sup> Men kite yon moun fè w oswa mwenmenm yon bagay, o la la, nou eklate tankou yon krapo ki manje ti gress katouch plon, gonfle tankou yon—tankou yon vye zwa. “M ap di nou kounye a menm, li pile zòtèy mwen konsa ankò, m p ap janm tounen nan vye legliz sa a ankò. Non, mesye! Ke Bondye beni! Alelouya! Nazareyen yo va resevwa m, Pèlren Sentete a, y ap pran m. Alelouya. M pa bezwen fè sa ankò.” Trè byen, Kolomn lan pran vòl Li.

<sup>76</sup> “Ou konn kisa? Si vye ipokrit sa a al nan legliz sa a, m p ap janm ale ankò. Ke Bondye beni, m p ap janm fè l!” Lè bagay sa a frape w, vye lou k ap gwonde sa a, Kolomn lan pran vòl Li. Egzak. Alò Sentespri a ale.

<sup>77</sup> Lè sa a ou mande tèt ou ki pwoblèm ou genyen. Ou mande tèt ou ki pwoblèm legliz la. Ou mande tèt ou ki pwoblèm ou genyen. Poukisa w pa gen laviktwà tankou w te abitye genyen? Ou chanje nati w. Ou vin yon kabrit nan plas yon ayo. Ou vin yon lòt bagay ke yon ayo.

<sup>78</sup> Ou dwe gen Lespri reyèlman dou sa a, “Kite Sentespri a kondwi w nenpòt kote. Bondye, mwen renmen tout pechè, sa pa enpòtan kote yo ye.” Jan de plas sa a rantre nan kè imen an, lè sa a ou pral wè yon bagay rive, nanm ou.

<sup>79</sup> Ou di: “Ebyen, Frè Branham, èske gen yon solisyon pou sa?” Wi, jis vin yon ayo, se tou. Ou di: “Ebyen, Frè Branham!”

<sup>80</sup> M te rankontre yon jenn dam lòt jou swa a, anba nan Shreveport. Billy avè m te soti al yon kote pou achte yon sandwich apre sévis la te fini. Yon bèl jenn fanm rantre la a, petèt jennfi, oswa petèt ven oswa yon bagay konsa, byen abiye. Li te chita. M te remake li te ret ap gade nan direksyon sa a. M te jis kontinye ap manje. Kèk minit dam lan antre. Li te di: “Kijan w ye?” Li te pale avè l. E m konnen dam la se te Sè Davis anba la a. Epi limenm ak yon lòt dam ki sot nan Life Tabernacle, m te konnen yo byen, li vini epi l te pale avè m, li te pati. Apresa jenn dam lan ki te chita an fas la, li te di: “Frè Branham, se te yon bèl Mesaj aswè a.”

<sup>81</sup> M di: “Kijan w ye, sè?” M di: “Mèsi, anpil.” Epi m di: “Èske w se yon manm nan Life Tabernacle la?”

<sup>82</sup> Li di: “Se sa m ye.” Li di: “Ou konnen, Frè Branham, m te ka chante nan koral la, men yo mete on limit anba la a.” Li di: “M te gen, o, sitèlman anpil lane ap pratike vwa, ak tout bagay.” Li di: “M te chante solo epi m te chante sèten bagay.” Li di: “Men, mwen—mwen pat ka chante, paske yo mete—yo mete yon limit ke ‘okenn fanm ki mete penti pa ka chante—chante nan koral la.”

M di: “Ebyen, lwanj pou Bondye pou Life Tabernacle!”

<sup>83</sup> Li di: "Ebyen, m di w, Frè Branham," li di: "M se yon Kretyèn."

<sup>84</sup> M di: "Alò, sè, al lakay ou epi lave figi w, oswa kèlkeswa sa w fè a." M di: "Èske w vle di m ke w t ap kite yon ti bagay konsa tankou mete on ti kras nan vye bagay sa a sou figi w . . ."

<sup>85</sup> Epi m ka pwouve w ke sa soti nan dyab la. M ka pwouve w ke anyen nan . . . Orijin li se te payen yo. E tank ou mete l, se yon mak yon payen. Bon, m jis tounen sot an Afrik, e mwen t al nan jeng Hottentot yo epi m te dekouvri jis egzakteman kote zanno yo, kote tout bagay sa yo vini, ak tout sa yo, anpil bijou vlope nan kou w ak zòrèy ak tout bagay, ki kote sa soti. Se payen yo. E Bib la pa vle yon Kretyen vin yon payen. E ou pa vle . . . M pa di ke w se yon payen paske w fè sa, men w ap fè tèt ou sanble ak youn. Se paske pastè w pat di w Laverite. Bib la te di sa.

<sup>86</sup> E kounye a ou di: "Frè Branham, m panse si m gen cheve kout, li fè m koul ak tout bagay konsa." Se vre, men si w te gen cheve long ou t ap pi koul. L ap retire tout nan kou w, epi vlope l epi ranje l.

<sup>87</sup> Poukisa, ou konn sa Bib la te di? Ke, yon nonm gen dwa pou l repidyé madanm li epi divòse avè l si l koupe cheve l. Si l koupe cheve l, sa montre l ap viv nan enfidelite avè l. Bib la te di sa, Premye Korent 12, chache konnen si Se pa vre. Sila ki . . . Yon fanm ki koupe cheve l dezonore tèt li, ki se mari l. E si l dezonorab, yo dwe divòse avè l epi ale lwen l. Se vre. Men, ou wè, pastè a pa janm di nou bagay sa yo. E se pou rezon sa a ke nou fè fason nou fè a. E—e mesye a, Bib la te di . . .

<sup>88</sup> Isi a sa pa fè lontan te gen yon moun ki te ekri epi di: "Frè Branham, kòsaj yo—sa yo ke fanm yo genyen yo," li di: "franchman, se sitèlman yon . . . apèn si w ka jwenn kòsaj anko, e èske se t ap kòrèk pou noumenm fanm Kretyèn yo ta mete dakron sa yo, nilon, oswa sa l ye a ki konsa?"

<sup>89</sup> M di: "Gade, sè, gen yon bagay sou sa. Men yon sèl bagay ki vre. Ou ka fè sa: si w pa ka achte youn, yo vann machin a koud, ou ka fè youn." M di: "Se vre. Pou fè l sanble jis . . ." M kwè . . . Ou konnen, sa k nan kè w se sa ki pale pou tèt li. Fason ou fè ak fason w aji, sa montre kisa k nan ou.

<sup>90</sup> Se pou rezon sa a ke tout sa a isi a de gwonde epi fè kerèl epi pale moun mal, epi—epi pale mal sou moun ki pale w mal, epi pakèt istwa sa yo alantou legliz la, se sa ki kraze legliz la. Sa montre ke dyab la antre nan ou, epi sa montre Sentespri a kite w. Bon, m konnen sa jis mete dife nan goudwon kék nan nou, men li dwe fè sa. Li dwe fè l! Se pou sa l te di; pa pou entèlijan, pa pou fè bèl figi; men pou di w ki kote pwoblèm lan ye, paske yon jou m pral gen pou m kanpe epi bay yon respons pou nou. E rezon an menm de fason n fè a ak fason n aji a, sa montre kisa n ye. Si w jis gen yon vye kòlè k ap pete jis nan yon ti moman, epi sot

isi a epi eksite, oswa kritike, oswa vilgarite ak bagay konsa, sa montre kote l soti.

<sup>91</sup> Kounye a gen sèlman yon bagay pou fè, retire bagay sa la a, epi Kolom lan ap tounen nan kè w. Lè kolom lan te soti nan lach la, yo te voye l ale. Men l te tounen epi l te frape nan pòt lach sa a jouk Noye te kite l antre. [Frè Branham frape sou chè a— Editè a.] Sentespri a isi a. Sentespri a vle antre. Se pou rezon sa jodi a, ke Sentespri an, Li pat ale kite w pou tout tan. Li jis chita deyò a la sou branch pyebwa yo yon kote, Li pare pou voie tounen epi rantre nan ou, epi ba w lanmou ak lapè ak lajwa tankou w te abitye genyen. Sèten, se Sa. Li pare pou fè l. Li vle fè l. Li anvi fè l. Men ou p ap kite L fè l!

<sup>92</sup> Bon, m p ap pale avè nou etranje yo. M pa konn kisa pastè nou... M ap pale ak Branham Tabènak la. M p ap pale a noumenm moun ki soti nan lòt legliz yo. M ap pale ak Branham Tabènak la. Se sa pwoblèm lan ye bò isi a.

<sup>93</sup> Se sa ki fè Kolom lan pran vòl Li. Jis kite yon moun jis kòmanse yon ti bagay bò legliz la, epi premye bagay la: “O, èske se sa? O, èske te...? Ou pa vle di sa?” Lè sa a menm Sentespri a ale, vole L ale. Li jis pa ka sipòte jan de lespri sa a. Tan ke nati ayo sa a kite w, lè sa a Sentespri a pati. Se vre. E se sa k pwoblèm lan jodi a. Se pou rezon sa a moun yo nan kondisyon yo ye a, se paske yo kite move lespri a vini nan kè yo, nan lavi yo. Kounye a se pou rezon sa a nou gen...

<sup>94</sup> Bib la te di se pou rezon sa a gen sitèlman anpil malad ak moun ki aflije nan mitan nou, se poutèt dè bagay konsa. Nou dwe dou. Nou dwe pezib. Nou dwe yon ayo, konsa Kolom lan ka rete avèk nou.

<sup>95</sup> Kounye a, sonje, Kolom lan ap vini. Li te di: “O, Frè Branham, pa di m mwen pat janm resevwa Sentespri a. Alelouya! Laba, yon swa yon jou swa la, o, lè L antre, m te ka jis mache...” Sèten, se te Limenm! “O, m te santi m sitèlman byen, m te santi m tankou m te ka pran tout ti zwazo nan pyebwa a epi anbrase l epi renmen l. Moun ki pi mechan pou mwen an ki te janm fè m yon bagay, m te santi tankou m te ka pase bra m nan kou yo epi anbrase yo. O, Frè Branham, kòman m te santi m!” Sèten, se te Sentespri a.

<sup>96</sup> Men, ou wè, rezon ki fè L pat ka rete. Ou te yon ayo lè sa a; men lè ou vin yon lou, Li te dwe pran vòl Li. Pa gen anyen ki pa bon ak—ak—ak Kolom lan; se oumenm, e... ou kite lespri sa a vin jwenn ou. “Èske m te kite l, Frè Branham?” Wi, lè w t al koute tripotay sa a, lè w te koute manti sa a, lè w t al di: “Ebyen, m gen dwa!”

<sup>97</sup> Ou pa gen okenn dwa! Yo te achte w ak yon pri, se te pri San presye Ptit Bondye a. Ou pa gen okenn dwa legal. Alelouya! Sèl dwa w genyen, se, vini nan Fontèn ki plen ak San ki rale sot nan Venn Emmanyèl, lè pechè yo te plonje anba inondasyon an, yo

te pèdi tout tach koupab yo. Wi, mesye. Se sèl dwa w genyen, se yon pwòp volonte ki abandone, a Bondye, epi apre Bondye fè kondwit lan apati de lè sa a. Se sa ki lakòz reyinyon yo... Se sa ki lakòz sitèlman anpil bagay dwòl. Sentespri a pral yon kote, Sentespri a di: "Sa pa bon. Kanpe reyinyon an, al lòtbò." M ap kanpe l, tou, frè, m kontinye vanse. Se vre, paske w dwe kondwi pa Lespri Bondye a. E sèl fason pou w kondwi pa Lespri Bondye a, se rete dou, pou pa konn yon pil bagay.

<sup>98</sup> "O," ou panse: "M konn on pil bagay." Ya, ou fè tout sèvo w ap mache epi li pa ka menm mache pou tèt pa l. Ou konn tout liv yo ak tout repons yo, ak tout Grèk la ak tout Ebre a, epi pa gen okenn plas pou Kolonm lan poze. Se vre. Men ou konn tout, lè sa a Kolonm lan pa ka kondwi, paske w konnen twòp.

<sup>99</sup> Ayo an pa pretann ke l konn anyen. Li dwe gen yon lòt moun pou kondwi l. Glwa! Se sa. Li pa konn anyen! Amèn. Sèl bagay mwen konnen, se, Kris Jezi te mouri pou sove m.

<sup>100</sup> Anba a nan Kalifòni te gen yon nèg ki t ap mache, li te gen yon siy devan l, ki te di: "Mwen fou pou Kris," epi nan do a l te di: "Pou ki moun ou fou?" Se vre. Vin yon fou, pou mond lan, konsa ou te ka kondwi pa Sentespri a, paske ptit gason ak ptit fi Bondye yo kondwi pa Sentespri a. Women 8:1, te di: "Kounye a, nanopwen okenn kondanasyon pou sila yo ki nan Kris Jezi, ki pa mache dèyè lachè, men Lespri a," pa mache dèyè lou an, men Kolonm lan. Amèn.

<sup>101</sup> Doc te abitye chante yon chante: "Ranpli wout mwen chak jou ak lanmou, antan m ap mache ak Kolonm ki nan Syèl la; kite m ale tout tan ak yon chante ak yon souri, ranpli wout mwen chak jou ak lanmou." Ala yon jou pezib l ap ye pou Branham Tabènak, oswa nenpòt lòt legliz oswa nenpòt endividé, lè y ap abandone dwa yo, pou yo vin yon ayo.

"Kisa kesyon an ye, Frè Branham?"

<sup>102</sup> Retounen vin yon ayo, retounen vin dou, retounen nan pa konn anyen, retounen jis nan soumèt tèt nou bay Kris. Pa eseye, pa eseye konn anyen. Jis mache tou dou, an silans, enb, janti, epi Kolonm lan ap kondwi ou. Men nenpòt lè ou wè... w al koute tripotay sa a, nenpòt lè w al fè move san sa a, nenpòt lè w al panse ou gen dwa pou fè *sesi* epi fè *selo*, Kolonm lan jis pran vole epi L ale. Apresa ou pa genyen L ankò. Bon, li pa twò lwen w maten an, legliz. Li poze deyò la menm sou branch lapè a, ap tann pou nati w chanje. Amèn.

<sup>103</sup> Sa w bezwen jodi a se soumèt tout dwa w yo, se kite Bondye lonje w epi raze retire tout dwa w yo sou ou. Amèn. Èske w te ka imajine kòman yon vye ti ayo, tout—tout po lenn lan pandye sou li? Se dwa l yo sa. Ya. "*Pant, pant, pant.*" Tou bouke, epi jis lonje sou tab pou tonn li a. Yo konnen kisa k pi bon pou li. Retire tout dwa l yo sou li epi tonn tout, ala l kouri fre epi lejè. O la la, li kontan, epi l sote toupatou epi l pase yon bon moman.

Wi, mesye. Si w va pèdi dwa w yo, se sa w jwenn. Men ou dwe pèdi dwa w yo epi kite Pawòl Bondye a raze tout mond lan retire l sou ou, retire tout abitid mond lan, epi w vin yon nouvo kreyati nan Kris.

<sup>104</sup> Isi a sa fè kèk tan, lòtbò a an Afrik, mwen t ap pale ak—ak yon vye sen. Li te di: “Frè Branham, mwen konnen ou kwè nan sinatirèl la.”

Mwen di: “Sètènman, frè m.”

<sup>105</sup> Li di: “Sa fè dè zane mwen te konn panse m te yon moun.” Li di: “M te panse m te reyèlman yon Kretyen.” Epi 1 di: “Epi anwo a nan legliz nou an . . . m te dwe grenpe yon ti mòn, kote m te kanpe ti machin mwen an.” Epi 1 di: “M te dwe grenpe yon ti mòn apeprè, o, desan swasannkatòz oswa twasan swasannsenk mêt, epi pran viwonnen touf bwa ak bagay, ap monte.” Epi 1 di: “Nou t ap gen reyinyon priyè anwo la a.” Epi 1 di: “M te panse m te reyèlman yon Kretyen.” Li di: “M te konn tout Bib la. M te etidyé tout Ebre a. M te etidyé tout bon prononsiyasyon Mo yo.” Epi 1 di: “Nenpòt moun ki te pwoche m, m te ka” [Frè Branham clake dwèt li—Editè a.] “pale avè yo konsa sou Bib la. M te konn de kisa m t ap pale.” Li di: “Yon jou swa m t ap monte al legliz la. Te gen yon pakèt kont nan legliz nou an.” Li di: “Te gen ti klan youn kont lòt. Ou konn kijan yo fòme.”

M di: “Wi, mesye.”

<sup>106</sup> Li di: “Sou wout pou m monte ti mòn lan, m t ap mache, epi toudenkou m vin pran konsyans ke yon moun t ap swiv mwen.” Epi 1 di: “M te panse m t ap tann jis on ti kras pou kèlkeswa moun li te ye a, pou n rive jwenn, epi m t ap pale avè yo yon ti moman antan nou t ap monte nan wout la.” Ou konnen, sa se on jan de bon bagay, ou jis tann yon ti moman. Epi 1 di: “Antan m t ap monte ti mòn lan,” li di: “M monte. Yon Mesye monte ti mòn lan,” epi 1 di: “Li te gen yon pake sou do L ki te pi gwo nèt pase Mesye a.” Epi 1 di: “Li te jis gen souf anlè epi L t ap respire fò, epi ap fè jis ti pa kout, ap eseye monte. Epi 1 di: ‘Kanmarad, èske m ka ede W pote chay sa a anwo ti mòn lan?’ Li di: ‘Non, Mwen dwe pote l.’” Li di: “M te gade men Li,” li di: “M te konnen lè sa a se te yon vizyon. Li te gen mak nan men L.” Li di: “M te tonbe atè, epi m te di: ‘Seyè, èske W ap pote peche mond lan nan sak sa a?’ Li di: ‘Non, M jis ap pote pa w yo. Jis ap fè w monte anwo ti mòn lan, jis konsa ou ka monte.’”

<sup>107</sup> Se fason sa a l ye. Si nou ta jis gade nan viwonn lan, nou t ap dekouvri L ap pote pa nou yo. Èske sa pa fè nou santi n piti? Kè mechan, kriyèl nou, jis paske nou ka fè l!

<sup>108</sup> Isi a sa fè kèk tan m t ap chase. Jan n konnen, mwen renmen chase. E te gen yon mesye mechan nan peyi sa a, li te yon kanmarad mechan. E l te konn pran plezi sou mwen paske mwen pat vle tire femèl ak bebe chevrèy. M te di: “Sa brital.” M te di: “Poukisa w pa yon vrè chasè, pwòp epi tire chevrèy granmoun yo

ak bagay ki granmoun e ki pare pou mouri? Bondye ban nou yo. Kite jenn manman ak bagay sa yo . . .”

<sup>109</sup> Li di: “Ah, ou lach, predikatè!” Li te kontinye ap di m sa konsa.

<sup>110</sup> M di: “Bon, gade, si m te grangou e m te vle youn nan ti chevrèy sa yo, m kwè Bondye t ap kite m genyen l. Men jis tire l jis pou aji an malen,” ebyen, li t ap plen yon kabwèt. Epi l t ale epi l te rele l, on jan de siflèt, epi l te ka soufle siflèt sa a epi sonnen jis egzakteman tankou yon tibebe chevrèy k ap rele. Yon jou nou te nan touf bwa yo ansanm. M te fè l wont, m te di: “M t ap wont tèt mwen.” Li te touye uit oswa dis tibebe chevrèy yon sèl fwa, si l te kapab, femèl chevrèy ak tout bagay, jis pou aji an malen, petèt li coupe katye dèyè yo epi kite rès la lonje la a. M di: “Ou pa ta dwe fè sa.”

“Ah,” li di: “noumenm predikatè nou twò lach!”

<sup>111</sup> Yon jou li te kanpe dèyè nan touf bwa yo, li te pran siflèt sa a epi l te rele, epi l te sonnen tankou yon tibebe chevrèy k ap kriye. Jis antan l te fè sa, yon bél bich soti tèt li, ap pile soti. Ou te ka wè gwo je mawon l yo k ap gade. Li te sezi. Li t ap gade nan viwonn lan. Chasè a te drese, te rale fizi l pou l tire bich la. Epi bich la te wè chasè a. Men, nou konn kisa, rèl tibebe chevrèy sa a, li pat remake zam sa a. Li t ap chache bebe sa a; li te nan pwoblèm. Nou konnen, demonstrasyon vrè nati manman ak lanmou manman sa a, ke l t ap fè fas ak zam sa a nan figi, anfas lanmò, antan l ap gade sa nan bouch zam sa a. Nou konn kisa, demonstrasyon sa a te sitèlman gran, li te vin pre l, li te voye zam li atè! Li te kouri tounen epi te atrap mwen nan bra, li di: “Billy, priye pou mwen, m gen ase avèk sa!” Lè l te wè demonstrasyon ewoyis manman sa a!

<sup>112</sup> O, lè mond lan wè demonstrasyon lanmou Bondye a, ak kouraj la nan kè imen nou, ala yon diferans sa pral ye. Lè nou kite Kolom Bondye an vini nan kè nou epi fè nou janti, fè nou dou.

<sup>113</sup> La a nan touf bwa sa a dèyè la a, antan m te kanpe la ap priye pou vye gason sa a, m te mennen l bay Seyè Jezi. Depi lè sa a, li te yon bon, chasè pwòp.

<sup>114</sup> Sèten, li te panse l te gen dwa, li t ap fè sa l te vle. “Yo lakay mwen, yo manje lizèn mwen anba la a si yo vle.”

<sup>115</sup> M di: “Se vre, men sa pa imen pou fè sa.” Ou dwe pèdi dwa w yo. O Bondye, gen pitye, pou nou ka fè l.

<sup>116</sup> Isi a sa fè kèk tan, nan, o, apeprè san lane de sa, te gen yon gran Kretyen ki te viv nan sidwès Etazini. Non l se te Daniel Curry, yon mesye mèveye, yon mesye ki gen krent Bondye, yon mesye sen, yon vrè Kretyen, yon mesye ke tout moun te gen sitèlman anpil estim pou li, yon moun sitèlman mèveye. Epi istwa a kontinye, ke l te mouri epi l te rantre nan yon trans, e l te di . . .

antan l te monte nan Syèl, byensi, lè l te mouri. E lè l te rive nan pòtay pèl yo, gadyen an vin nan pòt la, li di: "Kimoun ou ye?"

<sup>117</sup> Li di: "Mwen se evanjelis, Daniel Curry, m genyen dè milye nanm pou Kris. E m se . . . Mwen vle antre maten an. Vwayaj lavi m fini sou latè, m pa gen okenn plas pou m ale kounye a."

<sup>118</sup> Se fason sa a l ap vin pou ou yon maten, pechè. Se fason sa a l ap vin pou ou, retrograd. Se fason sa a l ap vin pou oumenm ki fè Sentespri a chagren pati kite yo, poutèt ou pa janti epi w pa gen tandrèς ankò. Ou pa kriye depi plizyè lane. Figi w pat jennen, m pa konn depi ki lè. Tout modesti disparèt nan ou. Sèten. Men l ap vin nan pòt ou youn nan jou maten sa yo. E menm jan Sentespri janti a vini epi frape, poukisa ou pa jis kite L antre?

<sup>119</sup> Kidonk lè Daniel Curry vin la a nan—nan—nan pòtay la, yo te antre, yo te di: "Nou pral wè si w gen non w isi a." Yo te gade nan tout viwonn lan, yo pat ka jwenn okenn non. Yo te di: "Non, pa gen okenn Daniel Curry isi a."

<sup>120</sup> "O," li di: "sètènman!" Li di: "M se yon evanjelis." Li di: "M te genyen nanm pou Kris." Li di: "M te eseye fè bagay ki dwat."

<sup>121</sup> Gadyen an di: "Mesye, m regrett pou m di w, men pa gen okenn Daniel Curry isi a." Li di: "M ap di w kisa w ta dwe fè." Li di: "Nou pa gen okenn dwa isi a pou n pran ka w." Li di: "Men èske w vle ale nan apèl pou ka w la? Ou ka al nan apèl pou li nan Jijman Twòn Blan an, si w vle." Men l di: "Nou pa gen okenn mizerikòd isi a pou ou, ditou, paske nou pa genyen w isi a. Pa gen okenn mizerikòd pou ou." Li di: "Èske w vle al nan apèl pou ka w la?"

Li di: "Mesye, kisa m ka fè an plis ke al nan apèl pou ka m lan?"

<sup>122</sup> Li di: "Ebyen, alò, ou ka al nan Jijman Twòn Blan an epi al nan apèl pou ka w lan la a."

<sup>123</sup> Daniel Curry te di ke l te santi tèt li ki pral nan lespas pandan apeprè inèdtan. Li te di l rive nan yon plas, li te gen plis limyè, plis limyè, plis limyè, plis limyè. Li te di, plis li t al lwen, plis te gen limyè. Li te san fwa, dè milye fwa pi klere pase solèy la te janm klere. Epi l te di l t ap tranble, ap tranble. Epi l te di, lè l te rive nan mitan Limyè sa a, li te tandem yon Vwa di: "Èske w te pafè sou latè?" Jis soti nan yon—yon Limyè.

Li di: "Non, m pat pafè," li te pran tranble.

Li di: "Èske w te toujou kenbe lonè w ak tout moun?"

<sup>124</sup> Li di: "Non." (Li di: "Kèk bagay vin nan lespri m ke m pat jis egzakteman onèt sou yo.") Li di: "Non, mwen—mwen—mwen imajine m pat onèt."

Li di: "Èske w te bay verite nan chak ka, nan vi w?"

<sup>125</sup> Li di: "Non. M sonje kèk bagay m te di, ki pat sisplèk... . . . ki te sisplèk. Mwen—mwen—mwen—mwen pat janm onèt jis egzakteman."

<sup>126</sup> Li di: "Alò, èske w te janm pran yon bagay ki pat pou ou, nenpòt bagay, lajan, nenpòt lòt bagay ki pat pou ou?"

<sup>127</sup> Li di l te panse sou latè ke l te vrèman bon, men li te kondane. Li di: "Non. Non, m te pran dè bagay ki pat pou mwen."

Li di: "Alò ou pat pafè." Li di: "Non, mwen pat pafè."

<sup>128</sup> Li di li t ap tann nan nenpòt minit pou eksplozyon an soti nan gran Limyè sa a nan kote Kolom lan te repoze, "Kondane!" Li di, jis lè sa a li te tandem yon Vwa dèyè l, ki te pi dous pase vwa nenpòt manman li te janm tandem. Li di li te vire gade. Epi figi ki pi dous ke l te janm wè, pi dous pase figi nenpòt manman, te kanpe devan l. Epi li di L te di: "Papa, Daniel Curry te kanpe pou Mwen anba a sou latè. Se vre, li pat pafè, men l te kanpe pou Mwen. Li te kanpe pou Mwen sou latè, kounye a Mwen pral kanpe pou li nan Syèl. Pran tout peche li epi mete yo sou kont Mwen."

<sup>129</sup> Kimoun ki pral kanpe pou ou jou sa a, frè, si w fè L chagren ale kite w jodi a? M jis pa ka preche ankò. Ann bese tèt nou.

<sup>130</sup> Chè Bondye, chè Ayo k ap mouri, dou, enb, byen ba. Zwazo yo te gen nich, e rena yo te gen twoou, men Ou pat gen yon plas, e, poutan, Seyè Laglwa a menm! Lè W te fèt, yo pat gen okenn rad pou met sou Ou. O Bondye, kisa rad mwen yo fè ki bon pou mwen lè sa a? Kisa machin mwen fè ki bon pou mwen? Kisa yon bèl kay fè ki bon pou mwen? Kisa sa pral fè ki bon jou sa a? Ou te san zanmi; pèson pat vle zanmi W. Pa gen moun ki te sanble yo te vle ba W yon men k ap ede. Ou te di jou sa a Ou t ap di: "M te grangou, ou pat ban M manje. M te toutouni, ou pa t ap abiye M." Kisa tout sa nou genyen pral fè ki bon nan jou sa a, Seyè? Kite n kanpe pou Ou, konsa lè lè sa a vini epi nou mache nan Prezans Li, omnipotan an, omniprezan, omn... . . . O Bondye, lè nou tandem Kolom sa a, ak zèl Li yo ki kanpe la a nan gran Limyè sa a, L ap flache diran tout Letènité. Alòske, Ou abite nan Limyè!

<sup>131</sup> "Lè m gen pou m kanpe la a poukont mwen, frè m pati, pastè m pati, manman m pati, papa m pati, madam mwen pati, pítit mwen yo pati, O Bondye, kisa m pral fè lè sa a, Seyè? Kisa m pral fè lè sa a? E sa ka fèt anvan soleyl la kouche aswè a. Men kisa m pral fè? Kisa m ka fè? O Kris, m ap kanpe pou Ou kounye a! M ap fè chwa pa m jodi a. M ap kite tout pale m sou lòt moun. M ap kite tout move san m. M ap kite tout diferans mwen yo. M ap kite tout bagay. Depouye m, Seyè, pran tout sa m genyen. Jis pran mwen, Seyè. Mwen—mwen—mwen vle kanpe nan plas Ou. M vle yo tonn mwen. M vle yo retire nan mwen tout egois, tout fyète, tout endiferans, jis tout. Apresa mwen vle kanpe pou Ou, tankou yon ayo ki tonn, ki dispoze pou l bay tout plezi vag nan sa yo rele plezi nan lavi, tout dans yo, tout fèt yo, tout vye rad vilgè yo, makiyaj, woujalèv, kitèks pou zong, tout endiferans sa a

ki sanble ak mond lan. Ou di: ‘Pa menm aji tankou mond lan. Pa menm asosye ak mond lan. Soti nan mitan yo!’ O Bondye! Ede m, Seyè. Depouye m jodi a. Pran m tankou yon ayo epi kite m vin bëbè, pa louvri bouch mwen, pa di anyen sou sa, jis kanpe epi pou yo tonn mwen.’

<sup>132</sup> O Bondye, ala diferans sa fè! M sonje lè W te tonn mwen yon fwa, Ou te pran madanm mwen, bebe m, papa m, ak frè m. Ou te tonn mwen pwòp. Poutan, nan kè m, m te konnen m te renmen W. Kijan W te beni m! Kijan W te bon! Tout sa ke m ye, tout sa m te ka ye, tout sa m ta janm ye; se Ou, Bondye, se Ou. Mwen konfese sa m fè k pa bon, m konfese tout sa m te janm fè oswa panse. Jis depouye m, Seyé, M vle pou m ayo W.

<sup>133</sup> Pa sèlman sa, Seyè, men pran chak moun ki isi a maten an, chak mouton, ak sila yo ki ta vle vin ayo, tonn yo tout, maten an, Seyè. Mete ti pye yo nan viwonn kwòs bwa Levanjil la. Ke Sentespri a kondwi yo nan repantans kounye a menm, ke yo konnen ke yo te endiferans anvè Bondye. E ke L depouye yo de tout endiferans, tout mond lan ak tout bagay lemonn yo. Se pou W tonn tout maten an, Seyè, konsa nou ka kanpe fre e an silans devan W, tankou Kretyen ki ne de nouvo. Akòde l, Seyè.

<sup>134</sup> M renmen W. Mwen vle ale, sa pa enpòtan si tanperati a cho, si m santi m anvi fè l oswa non. Mwen vle ale. Mwen vle kanpe pou Ou, paske mwen vle W plede kòz mwen an jou sa a, pou W di: “Ebyen, li te kanpe pou Mwen, kounye a M ap kanpe pou li.” O Bondye, akòde l jodi a.

<sup>135</sup> E pandan tout tèt bese, ak tout kè bese. Mwen mande m maten an si gen jis yon moun isi a ki reyalize ke w te eseye fè l pwòp fason pa w, ou te fè bagay sa yo ke w pat dwe fè, e ou jis santi maten an ou ta renmen pou Seyè a jis depouye w, epi di: “Fè w yon reyèl ayo,” èske w ta vle leve men w. Bondye beni w, madam. Bondye beni w, frè. Bondye beni w, frè. Yon lòt moun di: “Depouye m, Seyè, m ap kanpe. M se yon mouton. M p ap menm ouvri bouch mwen, m jis vle W rache tout mond lan soti nan mwen.” Bondye beni w, frè. Bondye beni w, madam. Bondye beni w, pítit gason. Bondye beni w, madam. Bondye beni w, sè. “Depouye m, Seyè.” Sè Gertie. E Bondye beni w, madam. Bondye beni w, sè. “Depouye m kounye a, Seyè. Mwen—mwen vle tout bagay lemonn yo . . . Mwen vle kanpe pou Ou maten an. Mwen vle kanpe tankou yon mouton ki tonn. Mwen vle pou tout bagay lemonn yo rache soti nan mwen. Mwen vle pou Ou epi Oumenm pou mwen. Èske W ap resevwa m, Seyè, antan m leve men m ba Ou?” Bondye beni w, madam. Bondye beni w, mesye. Bondye beni w. Bondye beni w, mesye. Bondye beni w, mesye. Bondye beni w, madam. Bondye beni w, madam, mwen wè pa w yo. Bondye beni w, frè m. Bondye beni w, ti madam. Se byen. Bondye beni w dèyè la a, manman. Bondye beni w, sè. Se sa, se pou nou jis onèt. “Mwen vle pou Bondye retire tout bagay nan mwen ki jis pa tankou L, nenpòt motivasyon egoyis ke m genyen,

nenpòt endiferans ke m genyen. Mwen vle pou L tonn mwen nèt ale, maten an. Mwen vle pou m tankou L. Sa pa gade m si yo se dwa ou pa; m pa gen okenn dwa. Sèlman gen yon sèl dwa, e se, vin jwenn Li. Li pran rès la.”

<sup>136</sup> Èske gen yon pechè isi a ki pat janm konfese Kris yon fwa, ki pat janm sove, epi ou vle yo sonje w nan priyè sa a maten an, èske w ta vle leve men w, zanmi pechè? Bondye beni w. Yon lòt leve men w, di: “Sonje m, Frè Branham. M pa yon Kretyen, e m pa konn jis ki lè m pral gen pou rankontre Bondye. E mwen—mwen vle yo sonje m kounye a menm nan yon mo priyè, antan n ap fini.” Ebyen, èske w vle leve men w pou m priye pou ou? Li wè. Bondye beni w, ti madam. Bondye beni w, madam. Bondye beni w, mesye. Yon lòt moun: “Mwen vle pou m se, mwen vle . . .”

<sup>137</sup> Konbyen moun isi a ki retwograde? “O,” ou di: “M pa tap admèt sa a, Frè Branham.” Men, gade, si Kolom dousè sa a pati kite w, frè, gen yon bagay ki pa bon. Gen yon bagay ki pa bon lè n pa ka sipòte youn lòt. Lè w pa ka padone tout moun nan fon kè w menm, sa pa enpòtan sa yo te fè oswa sa yo te di, si w pa ka padone yo nan fon an, Jezi di: “Si w pa padone tout nonm fot li yo, nan kè w, nitou Papa w ki nan Syèl la pa padone w.”

<sup>138</sup> Kounye a, e si, tanperati cho sa a, e si jodi a Bondye ta rele w? Pandan gen yon Fontèn ki louvri, yon legliz ki pare, Sentespri a ki chita isi a sou pwent tèt bildin sa a, pare pou L desann dwat epi tounen nan kè w epi fè w dou epi pezib. “Kisa m dwe fè, Frè Branham?” Jis vin yon ayo. Sentespri a pral desann dwat lè w vin yon ayo. Men si w gen move motivasyon yo, move—move lide, ou vle gen pwòp fason pa w, e w pa dispoze pèdi l, alò Sentespri a p ap janm vini.

<sup>139</sup> Kounye a ak tèt nou bese, mwen mande m si nenpòt nan nou ki te leve men nou . . . Kounye a, Jezi te di: “Sila ki tande Pawòl Mwen yo e ki kwè nan Sila ki te voye M lan, gen Lavi ki p ap janm fini an, li p ap janm vini nan ijiman men li pase de lanmò a Lavi,” Sen Jan 5:24. Men kounye a si w ta renmen vini sou lòtèl la, mete w ajenou isi a, ann lapriyè ansanm jouk santiman janti sa a, pezib ke w te posede yon fwa, oswa ou ta renmen posede, vin jwenn ou ankò. Pandan n ap kenbe tèt nou bese, pandan n ap chante: *Gen Yon Fontèn Tou plen Ak San*, Mwen vle w vini, mete w ajenou epi priye. Tout moun kounye a ki vle vini, mete ajenou isi a sou ranp lotèl la epi priye yon ti moman.

Genyen yon Sous tou plen ak San,  
K ap koule nan venn Èmanyèl,  
E pechè yo plonje anba . . .

Bondye beni w, madam, monte dwat epi mete ajenou.

Pèdi . . .

<sup>140</sup> Ak tèt nou bese, jan m swete nou fè l nan kè nou. Nou konn kimoun ki franchi koulwa a maten an, ki ta dwe fè nou wont tèt

nou? Yon madanm nwa, pòv ti bagay la, chevi tou anfle, cheve blan, fè yon pasaj pou tèt li desann nan lotèl la.

<sup>141</sup> Isi a sa fè kèk tan, yon vye mesye nwa te rive sove, nan tan esklav yo. Li t ale, epi antan l te sove, li te di bòs li li te lib. Li di: "Ou kisa?"

Li di: "M lib." Apresa li te libere l.

<sup>142</sup> Men yon lòt gwoup moun vini ap desann pou lesali maten an. (Li te di li te lib.) Tout moun nan lapriyè, e ap priye ak fòs si n vle, pandan Sentespri a ap okipe ak moun k ap pran desizyon yo.

Li di: "Mose, èske w di w te lib?" Li di: "Wi, mesye, bòs. M lib."

<sup>143</sup> Li di: "Si w lib, alò m pral fè w lib, tou. Al preche Levanjil la."

<sup>144</sup> Lè l te pare pou l mouri, anpil nan frè blan l yo antre pou wè li, epi lè yo te fè sa, li di, li te panse l te nan yon koma. Lè l te leve, li di: "M te panse m t ale." (Bondye beni w, frè m, jis mete w ajenou drèt, la a.) Li di: "M te panse m te deja ale."

Li di: "Kisa w te wè, Mose?"

<sup>145</sup> Li di: "Lè m te mache nan pòtay la, m te wè L." Li di: "M te kanpe, ap gade L." Epi l di: "Te gen yon Zanj ki vini epi L di: 'Vini, Mose. Ou fin preche Levanjil lan pandan plizyè lane, ou gen yon wòb ak yon kouwòn k ap tann ou.'" Li di: "'Pa pale m de wòb ak kouwòn. M pa vle okenn wòb ak kouwòn. M jis vle gade L.'" M panse sa se atitud nenpòt Kreyen.

<sup>146</sup> Isi a sa fè kèk tan, anlè nèt nan Chicago, m te nan yon kolize, yon mize, pito, e m t ap gade toupatou anndan la a. M te wè yon vye Nèg, ti kouwòn cheve blan nan viwonn tèt li, ap bouje nan viwonn la a, ak chapo l nan men l. M te gade l. Li te gade nan yon ti plas, epi l te sote dèyè, epi dlo kòmanse kouri sou vye machwa nwa l yo. Li te kòmanse lapriyè. M te gade l pandan yon ti moman. Li te gade lòtbò a ankò, li te kòmanse kriye ankò. M te vanse epi m di: "Mesye."

Li di: "Wi, zanmi blan?"

M di: "M wè ou se . . . Kisa k te fè w sitèlman eksite? Pou kisa ou te si tèlman eksite?"

<sup>147</sup> Li di: "Mesye, si w te ka santi bò kòt mwen, m gen kal nan viwonn kòt mwen." Li di: "Yon fwa mwen te yon esklav." Li di: "Nan ti kaj an vè sa a isi a, sa se yon rad ki lonje la a."

M di: "M wè se yon rad, men kisa ki sitèlman espesyal ak sa?"

<sup>148</sup> Li di: "Tach sa a la a," li di: "sa se san Abraham Lincoln." Li di: "San sa a retire senti esklav la sou mwen." Li di: "Kounye a, mesye blan, èske sa pa t ap on jan eksite w, tou?"

<sup>149</sup> M mete menm nan vye kou l, m di: "Bondye beni w, frè. M konn yon lòt San ki eksite m."

Li di: "M konn San sa a, tou, mesye."

<sup>150</sup> M di: "Li te retire yon senti esklav sou mwen." Yon fwa m te konn soti jou dimanch epi m al fè kous epi konpòte m mal, epi bay blag sal. E, O Bondye, kijan m te arive fè sa? Toujou gen mak yo anba nan kè m kote m te fè l. Men m kontan L te retire senti a sou mwen. Tout ale kounye a, Li te kanpe nan plas mwen.

<sup>151</sup> Isi a sa fè kèk tan, antan m t ap gade yon madamm, e li te sitèlman vilgè m te vle kondane l. Bondye te ban m yon vizyon. M te priye pou li lè sa a, paske m te wè ke peche m yo te jis gran menm jan ak pa l yo. E m te avanse epi m te chita sou kote li epi m te fè l santi l wont, mwén te di l m te yon pastè. De zanmi gason l yo . . . Li te gen apeprè swasantsenk oswa swasanndizan, de zanmi gason l yo te ajenou la a, e yo tout bay Kris kè yo. O la la, ala yon diferans!

<sup>152</sup> Èske w p ap fè l? Èske w te jis fè sitèlman anpil peche, maten an, èske w jis te fè kè w vin sitèlman nwa epi sal jouk menm Sentespri a pa ka menm manyen l? Petèt Kolonm lan te pran vòl Etènèl Li, Li pati pou tout tan.

<sup>153</sup> Bondye beni w, cheri. Yon ti fi k ap pwoche. Bondye beni w, cheri. Ou di: "Ti fi sa a pa konnen." O, wi, li konnen. Li jis pa li otan magazin ak ansyen istwa lanmou jan nou tout fè l. Se sa k pwoblèm lan, li gen tandrès. Jezi te di: "Kite timoun yo vin jwenn Mwen."

<sup>154</sup> Èske yon lòt moun ta renmen vini, vin jwenn nou la maten an? Lotèl la louvri. Jis yon lòt moman, apresa pandan n ap chante yon fwa ankò, lè sa a nou pral ofri lapriyè pandan pechè ki regrett sa yo ap priye.

Vòlè ki t ap mouri a te nan lajwa pou l wè  
Fontèn Sa a nan . . . (Sèten, tout bagay t ale, pòv  
tibonnonm lan te fini.)

E la a ke mwén, menm si m pa bon tankou l . . .

<sup>155</sup> Èske nou p ap vini kounye a? Èske nou p ap vini, noumenm ki konnen pi byen? Bib la di: "Si w konn pou fè byen, epi w pa fè l, pou oumenm se plis pase peche." Èske w p ap vini? Ou konnen w antò. Fè chimen w pou monte epi met ajenou alantou lotèl la, epi di Bondye ou regrett poutèt fason w te trete L la. Kite Sentespri a touen epi fè w dou epi dosil epi pezib ankò. Èske w p ap fè l? Sonje, si w mouri, epi Li pati pou ou, p ap gen pèsòn pou plede ka pa w la. Li vle pou w kanpe pou Li maten an. Bondye beni w, frè m.

<sup>156</sup> N ap tann. Èske se sa, jis kenz nan legliz la ki vrèman santi ke nou te kondane? Ou te viv yon lavi pezib, dou, dosil, an silans? Kounye a, Sentespri a dirije sa a. W ap padonnen, pa gen okenn lènmi? W ap viv depase, anlè kondanasyon pechè yo? Ou p ap viv tankou payen yo, ou viv yon fason diferan? Tout lavi w fèt selon yon modèl diferan? Sentespri janti a chita sou twòn kè w, ap fè w viv an pè epi an silans epi nan renmen, alantou tout moun?

Vwazen w yo ak tout moun konnen, epi tout asosye w yo konnen, ke se yon Kretyen janti, an silans, dou, enb? Kolom Bondye a avèk ou? Ou sèten? Sa se ka dènyè okazyon w. Trè byen.

<sup>157</sup> Alò pou nou isi a nan lotèl la, Bondye beni nou. Nou p ap gen pou n jiye kounye a. Sentespri a te mennen jijman ban nou. E nou pat eseye kenbe dwa nou yo, pou n di: "O, m te yon Kretyen pandan ase lontan. M pa bezwen ale." Kèk nan nou, premye fwa nou pou n janm ale alotèl. "M ka ret yon pechè si m vle, sa se dwa m." Wi, se vre. Ou gen lib abit ou, ou ka aji nenpòt fason w vle. Men ou te pèdi dwa w yo maten an. Ou va di: "Kisa yo pral di, mwenmenm k ap praktike Kretyènte e apresa ale alotèl, kisa yo t ap di?" Men kisa Bondye ap di? Li te di pou w vini, e w te fè l. Kounye a ou pèdi dwa w yo, ou vin pou gen Sentespri ki dou a pou L pran plas Li nan kè w jodi a. M konnen L pral fè l. M konnen L pral fè sa. Li te pwomèt Li t ap fè l. La a, Li jis pa ka anpeche l, jis pa ka anpeche l vini. L ap sipliye, kriye, mouri, epi tout lòt bagay, pou yon plas pou L vini, L ap vle vin jwenn ou.

<sup>158</sup> E nan lè lanmò nou, lè zanj lanmò a chita nan pye kabann lan, pase pou gade deyò la a yon bagay ki lèd anpil, e konnen ke w te refize vini yon fwa, epi nanm ou vin nwa epi sal, pa gen tan ankò, sa pa enpòtan kijan w te kriye anpil. Ezaou te peche twòp jouk li efase lagras li... jou lagras li, pito, e li pat gen yon chans. Li te kriye anmè, ap eseye jwenn yon kote pou l ranje sa, men li pat ka fè l. Bondye te rele l dènye fwa a.

<sup>159</sup> Men nou pèdi tout dwa nou ak tout zanmi nou, ak tout santiman nou ak tout bagay, maten an, pou vin isi a. Ou pèdi dwa w yo, pou met jenou atè isi a epi pale ak Bondye. M ap di nou pa Pawòl Seyè a, ke Kris te di: "Sila ki vin jwenn Mwen, M p ap mete l deyò pa okenn mwayen." Kounye a pandan nou la a sou lotèl la, repanti, di L ke nou regrett nou te fè sa n te fè a.

<sup>160</sup> Se sa pwoblèm la moun yo pa resevwa Sentespri a lè yo batize, yo jis pa repanti nèt. Bondye ap eseye ba yo Sentespri a. Li vle n vin dou epi janti epi poze. Se pou rezon sa nou leve ak menm egoyis sa a nan kè nou. O, ou ta ka leve, rele, pale an lang, oswa nenpòt, sa pa tap fè w gen Sentespri a. Ou dwe leve apati de la a nan yon moun diferan. Ou dwe leve apati de la a, janti, poze epi dou, enb, epi Lespri Bondye abite avè w. Ane pwochèn, tounen gade chimen ki fèt la epi wè nan ki pwen w vini, wè w ap vale teren tout tan. Sa se Sentespri a. Sentespri a se lanmou, lajwa, lapè, pran pasyans, dousè, jantiyès, pasyans, lafwa. Kounye a, jis repanti epi di Bondye ou vle sa touswit. Li se... L ap fè l.

<sup>161</sup> Ti fi, oumenm ki la a, cheri, fè menm bagay la. Beni w. Manman w kanpe ak men l sou ou.

<sup>162</sup> Vye chè sè nwa sa a isi a, ki koube devan lotèl la. Ou ta ka dwe manje galèt pen mayi epi labouyi farin mayi, ou ta ka dwe

viv nan yon ti riyèl, pou tout sa m konnen, sè. Bondye beni kè w, gen yon palè ki pare pou ou nan Laglwa maten an. Se vre.

<sup>163</sup> Antan m gade anba a nan lotèl la epi mwen wè yon dam, chevel ap vin blan, yon jenn madanm ak tèt li bese, yon madanm ak cheve byen blan. O Bondye! Mwen wè mesye yo ki ajenou, ak diferan lòt isi a. Jis repanti, di L ou regrett. Di L ou p ap fè l ankò. Pa gras Li, w ap jis kite tout diferans ou yo fini, apati de jodi a. Ou vle vin janti epi poze. Ou vle vin enb epi ale kote L kondwi w.

<sup>164</sup> Lè moun di yon bagay, sa pa empòtan jan sa sanble li kòrèk, ou pral abandonnen dwa w yo pou pale sou vwazén w. Ou pral pale, ou pral pale de Jezi. Ou jis pral fè bagay ki kòrèk la. Ou p ap soti tankou yon asasen. Ou pa pral sote sou inosan an. Men ou wè pyès teyat vanyan sa a sou ewoys Kretyen reyèl yo, e w vle pou w tankou yo. Ou p ap gen pou di pèsòn ou se yon Kretyen, si w se youn, yo jis wè l epi konnen l antan w pale. Ou sele sou anndan epi deyò.

<sup>165</sup> Kounye a, antan w imilye kè w, repanti kounye a. Di Bondye, ou “regrett,” ou “p ap fè l ankò,” ou “wont” tèt ou, fason w te aji a. E apresa m pral lapriyè pou ou. E m kwè, nan moman an menm, lapè pral jis enstale sou kè w, jis lapè tankou yon larivyè pral vin koule desann nan nanm ou. Ou ta ka pa rele, ou ta ka pa pale an lang, ou ta ka pa nan sote ponpe; men w ap soti kite lotèl la ak Yon Bagay nan ou, Yon Bagay nan ou ki pral fikse w nan vye kwa rèd sa a toutotan w ap viv. Kounye a priye, jan m fè l. Konfese.

<sup>166</sup> Papa Nou Ki Nan Syèl La. Kreyati endiy, nan sal cho, k ap swente sa a maten an, bwat k ap swente a; men, Bondye, Ou te fè l swe soti nan nou. Sentespri a desann, te konvenk moun yo ke yo te an tò. Yo t ap peche. Lespri yo te awogan. Yo vin rayisab, fousiyapòt, konn tout bagay, pa dispoze repanti, pa dizpose padone moun ki te fè dè bagay kont yo. Yo pat dizpose fè l, men jodi a Sentespri a te pran Pawòl Bondye a, Li te mete L dwat nan kè dosil yo, epi Li di: “Kounye a èske w vle tounen kote w te ye premye fwa ou te vin sou lotèl la, tounen kote tout moun, ou renmen tout moun, e ou renmen M ak lanmou ki p ap mouri? Alò jis leve kanpe epi vin sou lotèl la.” Yo te fè l, Seyè.

<sup>167</sup> Kounye a, mwen priye kounye a ke W va sanktifye panse yo, Seyè, sanktifye kè yo, fè yo janti epi pezib. Ke yo leve soti sou lotèl sa a kounye a, apre yo te repanti, y ap ba Ou lavi yo, retounen al lakay yo. Sa pa empòtan kèlkeswa sa k rive, si mari vin tou kontrarye, oswa madanm vin kontrarye, oswa vwazén an kontrarye, oswa yon moun ke w ap travay avè l oswa ke w asosye avè l: “M ap jis dosil tankou yon kolonm.”

<sup>168</sup> Apretou, vanjans Ou se pou Ou l ye: “Se Mwen ki va bay sa ki merite, se sa Seyè a di.” Kijan nou te twouve ke se konsa sa ye, Seyè. Jis ret frankil, pou n dosil, gade Bondye ki pran . . . desann

vin drèt devan ayo L lan. Sèten, sètènman. Bon Bèje sa a bay Lavi L pou yo, Li desann vin dwat devan mouton L yo. E Li pral gide yo. Malè a sila a ki nwi yo! Malè a sila a ki di yon sèl pawòl kont yo! Li di: "Li ta pi bon si yo te mare yon moulen nan kou w, epi yo nwaye w nan fon lanmè a. Zanj pa yo toujou ap gade figi Papa M ki nan Syèl la." Ou wè? O Bondye, nou vle . . . "Menm jan ou fè pou yo, fè pou Mwen."

<sup>169</sup> Kidonk, Bondye, mwen vle pou m janti. Mwen mete tèt mwen sou lotèl la, tou, maten an; pa maten an, men chak maten ak chak jou. Mwen vle pou m poze epi janti, epi tankou Jezi. Akòde l, Papa. Ede nou pou n konsa kounye a, kite flo lanmou nou pa ka konprann lan woule sou nanm nou.

Lapè! Lapè! Lapè ki mèveye,  
Desann sot nan Papa ki anwo a; (Èske n pa  
santi L kounye a nan kè nou?)  
. . . sou lespri m pou tout tan, (Alelouya  
Alelouya!) . . .

Lapè! Lapè! Mèveye . . .

<sup>170</sup> Sè Gertie te di pou di tout legliz la li te kondane, tou, men l ap fè de pyano a lotèl li. Depi nan lotèl la, piyano a se lotèl li, li te di: "Di legliz la priye pou mwen," antan l chita la a epi dlo ap kouri desann sou linèt li. Lestrad sa a se lotèl mwen. M repanti, tou, Bib mwen mouye. O Bondye!

Lapè! (Lapè Bondye.)  
Desann sot kot Papa a anwo a; (O, alelouya!)  
. . . sou lespri m pou tout tan . . .

<sup>171</sup> Bondye, si m te peche kont nenpòt moun, kont Oumenm, retire l, Seyè. Retire peche a sot nan ti legliz mwen an, maten an.

<sup>172</sup> Konbyen moun ki ka jis santi ke Bondye padone nou, e Kolom Llapè a chita sou kè nou ankò? Li te vole tounen jis kounye a, te pran plas Li. Sentespri a te jis deplase tounen epi L te di: "Ptit Pa M lan, M te vle renmen w tout tan. Ou jis pa t vle kite M fè l. M pa ka abite ak ansyen lespri egois ou a. Men kounye a ke w te abandone l, Mwen te tounen nan kè w maten an." Konbyen moun ki santi yo fason sa a? Leve men nou. Leve men nou, se byen, tout sou lotèl la. O, se byen. Konbyen moun nan oditwa a santi yo fason sa a? Leve men nou. O! (Pou M Tankou Jezi.)

<sup>173</sup> Papa nou Ki Nan Syèl la, nou di W mèsi pou moman konsekrasyon, dousè sa a, tankou pran yon pòm nan men an, pile l, kraze l, jouk li vin mou, sitèlman mou ke yon ti bebe te ka chita epi manje l. Se fason sa a nou vle kè nou, Seyè. Pran l nan men W ki gen mak klou yo, jis kraze l, antan W ap di: "Ptit, èske w pa wè ou fè M mal? Ou t ap fè M mal lè w te vole soti nan gon w yo konsa. Ou t ap fè M mal, o, kè M te jis senyen pou ou, pitit, lè M te wè w ap fè tèl tèl bagay. Men kounye a ke M gen kè w nan men M, Mwen vle fè l reyèlman dou. M vle fè l konsa M ka sèvi

avè l epi viv nan li. Mwen vle vole tounen nan nich lan maten an, M vle vole tounen epi abite, fè kay Mwen avè w.” Akòde l, Bondye. Nou renmen W. Akòde l, pou glwa W. Nou mande nan Non Jezi.

Pou m tankou Jezi, pou . . .

Èske nou pa renmen jis adore konsa? O, nanm mwen jis ap benyen!

Sou latè mwen . . .

Pou wè Li desann nan adoratè yo—yo konsa, kè w santi l reyèlman dou? Kè m jis ap bat vit.

. . . vwayaj sot sou latè al nan Laglwa  
M sèlman mande pou m tankou Li.

Èske n ta vle leve men n pandan n ap chante l?

Pou m tankou Jezi, pou . . .

Joe, ou vle vini epi priye maten an, frè? Bondye beni w. Jwenn yon plas pou tèt ou isi a sou lotèl la, Frè Joe. Bondye beni w . . . ? . . .

. . . vwayaje sot sou latè al nan Laglwa  
M sèlman mande pou m tankou Li.

<sup>174</sup> M konnen li fè cho, zanmi. M konnen se sa. Men mwen—mwen espere ou santi w jis tankou m. O, m jis santi tankou m te ka jis vole m ale. Ala L adorab! Kisa m te ka fè? Kote m ta prale? O Bondye! Kote m prale? Nan ki direksyon m prale? Kisa sa pral—pral ye? Ki kote m pral ye nan santan? E si m pat genyen L? Ki kote, ki kote ki gen okenn lòt refij?

Yon Etranje te soti nan krèch Betleyèm lan,  
Sou latè m anvi pou m tankou Li;  
Nan tout vwayaj lavi sot sou latè pou al nan  
Laglwa  
M sèlman mande pou m tankou Li.

Nou tout kounye a.

Pou m tankou Jezi . . . (Lwanj pou Bondye! Wi,  
Seyè! Wi, Seyè! Pa mond lan; tankou W!)  
. . . pou m tankou Li;  
Nan tout vwayaj lavi sot sou latè pou al nan  
Laglwa  
M sèlman mande . . . ? . . .

<sup>175</sup> Pandan nou gen tèt nou bese, m pral mande nou yon bagay. Yon moun anndan isi a p ap fè Sentespri a plezi. Yo te rele yon moun. Mwen pale nan Non Seyè Jezi, kòm pwofèt Li. M ka santi kè L blese. Deyò a la, yon moun te dezobeyi Li, te dwe vini. Èske w p ap vini kounye a?

Tout nan vwayaj lavi a sot . . .

Wi, sè, men gen plis ke ou.

... Laglwa  
 M sèlman mande pou m tankou Li.  
 Jis pou m tankou Jezi . . . (Se tout dezi mwen,  
 dou epi byen ba, enb, pou m tankou Li.)  
 Sou latè mwen . . .

Èske w p ap vini kounye a? Bondye vle wè w fè yon pa, gen  
 yon kantite nan nou.

Nan tout . . .

<sup>176</sup> M te konnen w t ap vini. Bondye beni w. Bondye beni w.  
 Bondye beni w. Se sa. Se sa. M te gade nan oditwa sa a, e lonbraj  
 nwa ki pi efreyan ki te pandye la a m te janm wè. Sentespri a isi  
 a kounye a. Li sou mwen kounye a menm. “Nan fè Sentespri a  
 chagren.”

Pou m tankou Jezi . . .

<sup>177</sup> Kisa L te fè? Li t ale kote Papa a te kondwi. Bondye beni w,  
 frè. Bondye beni w, frè m. Se sa, kontinye deplase dwat epi mete  
 w ajenou.

Sou latè a m anvi . . .

<sup>178</sup> Kounye a se tan pou konfese, redrese, met bagay yo annòd,  
 menm jan ak tan lontan. Vini. M toujou santi gen plis anndan la  
 a. Bondye beni w, madam. Bondye beni w, madam. Bondye beni  
 w. Bondye beni w. Bondye beni w. Se byen. Sentespri a toujou gen  
 rezon. Vini. Se sa, deplase la menm.

. . . Li.

Pou m tankou Jezi, pou m tankou Jezi,  
 Sou latè mwen . . .

O la la, se sa! Se fason sa a, jis plen koulwa yo, deplase la  
 menm epi priye.

Pandan vwayaj lavi sot sou latè al nan Laglwa,  
 Jis repanti, di Bondye ou regrett, se tout sa w dwe fè.

. . . pou m tankou L.

<sup>179</sup> Èske n p ap kontinye vini kounye a?

Pou . . .

Se sa, jis detache lamenn, monte.

. . . Pou m tankou . . .

<sup>180</sup> Kisa w pral fè? Kimoun ki pral kanpe pou ou, petèt aswè a?  
 Kimoun ki pral kanpe pou ou lè lanmò monte nan manch rad ou?  
 Sa pa empòtan sa w te fè, Sentespri a chita la menm toupre w. Se  
 Limenm ki vle w vini.

Tout nan vwayaj lavi sot sou latè al nan Laglwa

<sup>181</sup> Jis repanti, di: “Bondye, m regrett. Mwen —mwen pa ta vle fè  
 sa. Ou p ap kanpe pou mwen si m pa kanpe pou Ou kounye a. E  
 m vle W kanpe pou mwen, e m ap kanpe pou Ou apati de jodi a.

Mwen pral viv tankou yon Kretyen ta dwe fè. Mwen pral chanje fason m yo. Mwen pral vin dou epi poze. M ap kite tout moun fè pwòp pale yo, tout bagay. Mwen pral annik viv dou epi poze devan W.” Sa pa enpòtan depi konbyen tan ou deklare ou se yon Kretyen, nan ki legliz ou mache, sa pa gen anyen pou wè avè l. Vini dwat. Bondye beni w. Avanse dwat la a, pitit.

<sup>182</sup> Bondye ap pale avè w kounye a. Si w kwè mwen se sèvitè Li, Sentespri a te pale avè m maten an, Li te di: “Fè apèl sa a, gen anpil anba la a.” Se jou a sa, se tan an. Gen apeprè senk ou sis an plis dèyè la a, ki ta vrèman dwe vini kounye a. Sonje, frè, sè, m ap gade nou dwat, mwen wè lonbraj nwa sa yo ki pandye anlè nou. Pito n vini dwat.

<sup>183</sup> Pou m tankou Jezi! Èske w pa vle pou w tankou L, janti, poze, dou, enb? Bondye beni w, jenn gason. Bondye beni w, papa ak bebe a. Bondye beni w, sè. Bondye beni w, zanmi pechè. Se sa. Avanse dwat, sè, vini dwat, jis jwenn yon plas pou tèt ou. Bondye beni w.

<sup>184</sup> Chè sè, ou gen anpil bagay pou w rekonesan pou yo. Ou te kouche mare sou yon kabann, ap mouri, men w isi a ap mache desann, lotèl la. Bondye beni kè w ki gen tandrès.

<sup>185</sup> Sentespri a ap pale ankò kounye a. Repantans, jis kriye dwat bay Bondye, jis fè pwòp priyè w. Ou se sila a ki te fè peche a, kounye a ou se sila a ki dwe fè priyè a. Di Bondye ou regrett sa w te fè. Pa fè okenn atansyon a kimoun ki nan viwonn ou. Jis di: “Bondye, padone m, m pat vle pou m konsa. Mwen vle pou m dou. Mwen—mwen p ap janm kontre kòn epi eksite ankò.”

<sup>186</sup> O Bondye, o, ala m renmen sa! Papa nou Ki nan Syèl la, pou chak moun ki regrett sou lotèl la kounye a, ki bese sou jenou yo, ap priye! O Bondye, ke manman yo, papa yo, timoun yo, papa yo, manman yo, kèlkswa sa k gen an plis, vwazen yo, manm legliz yo, dyak yo, administratè yo, O Bondye, nan tan fasonnen ansyen mòd sa a, antan yo chita nan sal cho sa a maten an, Sentespri a k ap desann dwat, ap pale lapè. O Bondye, mwen vle kanpe jou sa a pou tande W di, ak dousè: “Wi, ou vini epi ou te pran pozisyon pou Mwen, kounye a M pral pran pozisyon pou ou.” Mwen vle pou W mete lapè sa a nan chak kè ki isi a jodi a, Bondye. Kalmeman epi dousman, mwen vle W fè l. Mwen vle W jis deplase anndan la a ak yon tèl santiman ke l p ap janm kite yo ankò, apati de jou sa a depi kounye a. Se pou kay yo vin nouvo. Se pou moun yo vin nouvo moun. Se pou tout bagay vin nouvo jodi a, paske moun sa yo te imilye tèt yo. Ou te di: “Si pèp ki pote Non Mwen va imilye tèt yo, epi priye, alò M pral tande depi nan Syèl.” E m konnen W fè l, maten an, Bondye.

<sup>187</sup> E m priye padon pou sila yo ki rete nan chèz yo, ki ta dwe vini. Bondye, pale avè yo, e ke yo pa gen okenn lapè ankò sou latè jouk yo te pran desizyon sa a, Seyè, pou vini epi fè tèt yo kòrèk avè W. Akòde l, Seyè. Beni chak moun kounye a. Ke jantiyès Ou

ak mizèrikòd Ou abite tout tan nan chak nanm ki regrett epi te koube nan legliz sa a maten an.

<sup>188</sup> Papa Bondye, m te fè sa sou demann Ou. M te rele moun sa yo; yo te kanpe. Ou te di: "Sila ki va temwen Mwen devan lèzòm, Mwen va temwen l devan Papa M ak Zanj sen yo." Anpil nan sila yo isi a te dè Kretyen pandan dèzane, men yo kanpe maten an pou temwaye peche yo ke yo te fè mal. Yo te vin moun yo pa ka renmen. Sentespri a te soti nan yo. E anpil fwa ke yo pa ka santi santiman janti, swa, dous sa a ke yo ta dwe santi. Anpil nan yo se pechè ki vini pou premye fwa yo. Men, Papa, yo vle santiman mèveye sa a, lapè ki depase tout konpreyansyon an. Ba yo l jou sa a, Seyè Bondye, epi ke yo tout ansanm vin emab epi ranpli ak Lespri W, antan yo kite kote sa a jodi a, pou al nan diferan kay yo, pou viv yon lavi diferan epi vin yon moun diferan. Nou mande sa nan Non Kris.

<sup>189</sup> *Plas Nan Fontèn Lan.* Trè byen, oumenm ki nan lotèl la, leve, gade Seyè Bondye a, vire tounen epi bay tout moun ki nan viwonn ou lanmen. O, nou pral chante, tout moun kounye a, pandan nou kanpe jis on moman anvan sèvis gerizon an.

Plas, plas, wi, gen plas,  
Gen plas nan Fontèn lan pou ou;  
Plas, plas, wi, gen plas,  
Gen plas nan Fontèn lan pou ou.

O, tout moun!

. . . plas, wi, gen plas,  
Gen plas nan Fontèn lan pou ou;  
O, plas, plas, wi, gen plas,  
Gen plas nan Fontèn lan pou ou.  
O, plas, plas, wi, gen plas!

<sup>190</sup> [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] . . . ? . . . lafwa! Ou konnen lòt jou a, frè, lè madanm ou—ou te rele, pou yo priye pou ou? M t ale dwat nan sal la, epi Sentespri a te di m: "Pa pè." Amèn. Èske Li pa reyèl? Mèveye! Ebyen, lwanj pou Seyè a! M jis santi tankou pou m kriye viktwa! Trè byen.

E San L lave pi blan . . .

(Ou gen yon bagay pou di?)

(Jezi sove!) . . . ? . . .

<sup>191</sup> Trè byen, Frè Neville kounye a. E Frè Slaughter gen yon pawòl pou l di.

[Frè Slaughter pale. Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

<sup>192</sup> [Frè Neville di: "O la la! Di Seyè a mèsi! Amèn! Lwanj pou Bondye! Mwen kwè tout moun resevwa maten an." Editè a.] Glwa! Alelouya! Alelouya! ["Tout moun sanble ke n ap kwè Bondye kounye a. Alelouya! M santi bon benediksyon ak onksyon sa isi a la sou estrad la, m santi m tankou Pyè, ki, se pat pou

egoyis . . . ? . . . bati twa tabènak, epi rete isi a. Amèn. Sa se bèl bagay. Tout moun resevwa.”]

<sup>193</sup> [“Kounye a tout moun leve kanpe sou pye nou. Amèn. Sonje sèvis yo aswè a, nou gen sèvis lavman pye ak kominyon. (Ou konn si w ap desann?)”] Petèt m ap isi a aswè a, tou. [“Petèt m ap desann aswè a.”] Wi, otan ke m konnen, m ap isi a sòf si yo rele m yon kote. [“Amèn.”]



*LEGLIZ LA AK KONDISYON LI* CRE56-0805

(The Church And Its Condition)

YON SERI SOU LEGLIZ YO

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle  
nan dimanch maten, 5 out, 1956, nan Branham Tabernacle nan Jeffersonville,  
Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te  
enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou  
pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete 1 sou entènèt, ni anpile 1 sou yon lòt fòm, ni tradui 1 nan lòt lang, osinon itilize 1 pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatêt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfèmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)